Дэни къыщацІыху

2-нэ нап.



Къызыхэкla лъэпкъым елъытауэ

3-нэ нап.

ЛентІыр зэІэпах

4-нэ нап.

Къуршхэр усэ щІодэІу

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ

ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№43 (24.793) ● 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 10, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

80 ТЕКІУЭНЫГЪЭ

2-нэ нап.

2025 гъэм мэлыжьыхьым и 29-р мылэжьэгъуэ махуэу гъэувыным и Іуэхук Іэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Урысей Федерацэм и Лэжьыгъэ кодексым, «Я фІэщхъуныгъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужын и лъэныкъуэкІэ цІыхухэм яІэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я ІуэхукІэ» 1997 гъэм фокІадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым япкъ иткІэ, Урыс Православнэ члисэм и Пятигорск, Черкесск епархием и Налшык округым и митрофорнэ протоиерей Бобылев В. Н. Радоницэм - дунейм ехыжахэр хэхауэ ягу къыщагъэкІыж махуэу 2025 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м ягъэлъапІэм - теухуауэ зэрызыкъытхуигъэзам къыхэкІыу **унафэ сощІ**:

2025 гъэм мэлыжьыхьым и 29-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мылэжьэгъуэ махуэу щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м
№34-УГ

КъудамэщІэ къызэІуахынущ

Республикэ клиникэ сымаджэщым дэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ и къудамэщІэ яухуэр мыгувэу хьэзыр хъунущ. Ар сэбэп хъунущ сымаджэщым пІэщІэгъуэкІэ къырашэлІахэм я узыншагъэр псынщІэу къахутэнымкІэ икІи я узыр зыхуэдэм, я щытыкІэм и хьэлъагъым елъытауэ адэкІэ къыщеІэзэнур яубзыхунымкІэ.

МЕТР зэбгъузэнатІэу 1200-м щІигъу щІыналъэм тращІыхьа унэр сымаджэхэм я тыншыпІэм хуэщІауэ щытынущ. Абы хэтынущ операцэ щащІ, реанимацэ пэшхэр, къищынэмыщІауэ, лъэрытет сымаджэхэмрэ зи щытыкІэр нэхъ хьэлъэхэмрэ щаІыгъ щІыпІэхэр зэщхьэщыхащ. Сымаджэщым и унищри щхьэ зытелъ зэпрыкІыпІэкІэ зэпыщІауэ щытынущ, абы ипкъ иткІи сымаджэ хьэлъэхэр здагъэкІуэну къудамэхэм нэхъ тыншу яшэнущ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм я фІыгъэкІэ пІэщІэгъуэкІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм нэхъ псынщІэу Іуэхутхьэбзэхэр хуащІэфынущ.

Ухуэныгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэр зэфІагъэкІащ, иджыпсту и щІыбымрэ и кІуэцІымрэ лэжьыгъэ пыухыкІахэр щагъэзэщІэж. Ар сыт и лъэныкъуэкІи жыпхъэщІэхэм тету къызэгъэпэщауэ щытынущ.

КъудамэмиІэнущ иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ узэда диагностикэ пэш, КТ, УЗИ аппарат лъэщхэр щІэту. А Іуэхур ягъэзэщІэнущ УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ къыхалъхьа, мы гъэм иратъэжьа «Жыджэру гъащІэ кІыхь ехьэкІын» лъэпкъ проектымкІэ.

Ухуэныгъэр зыхуэныкъуэ мылъкур хухахынущ «ЦІыхухэм пІэщІэгъуэкІэ дэІэпыкъуныгъэ яхуэзыщІэ ІэнатІэр егъэфІэкІуэн» къэрал проектым хыхьэ лъэпкъ Іыхьэм ипкъ иткІэ.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщІ Мишустин Михаил мы махуэхэм къыдигъэкІащ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу сом мелард 11 щІыналъэ 21-м яхухэхыным теухуа унафэр. Абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрри. Сом мелуан 319-рэ трагъэкІуэдэнущ Республикэ клиникэ сымаджэщым дэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ и къудамэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмкІэ къызэгъэпэщыным.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, лъэпкъ проектыщІэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2030 гъэ пщІондэ щаухуэнущ е щызэрагъэпэщыжынущ медицинэ ІуэхущІапІэу 80. НэхъапэкІэ, 2014 - 2024 гъэхэм къриубыдэу, «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектымкІэ республикэм зыхуей щыхуагъэзэжащ поликлиникэ къудамэу 31-рэ, къагъэщІэрэщІэжащ е яухуащ ІуэхущІапІэу 7.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

НыбжьыщІэхэр Налшык къыщызэхуос

Мэлыжьыхьым и 21-м Къэбэрдей-Балъкъэрым аргуэру къригъэблэгъэнущ ди къэралым и щІыпІэ куэдым щыщ школакІуэхэр - Налшык щекІуэкІынущ географиемкІэ Урысейпсо олимпиадэм и кІэух Іыхьэр. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналымкІэ цІыхухэм абы иджыри зэ гу лъаригъэтащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и къалащхьэм къыщызэхуэсынущ 9 - 11-нэ классхэм щІэс ныбжьыщІэ 300-м щІигъу - зэхьэзэхуэм и щІыналъэ Іыхьэхэм щытекІуахэр.

КІэух зэпеуэхэр щекІуэкІынущ «ДыгъафІэ къалэ» Сабий творчествэмкІэ академиемрэ Энеев Тимур и цІэр зезыхьэ, сабий зэчиифІэхэр къэгъэнэІуэным, абыхэм ядэлэжьэным хуэгъэпса «Антарес» щІэныгъэ центрымрэ.

Олимпиадэр махуитхукІэ екІуэкІынущ икІи Іыхьитху гуэшауэ щытынущ - я щІэныгъэр здынэсыр упщІэхэм жэуап иратрэ къагъэлъагъуэу е Іэмэпсымэ пыухыкІахэр къагъэсэбэпурэ щІыпІэхэм къыщагъэнаІуэу. Абы щытекІуэхэм Іэмал гъуэзэджэ яІэнущ а унэтІыныгъэм щыхурагъаджэ урысей еджапІэ нэхъыщхьэм экзаменыншэу щІэтІысхьэну.

ЕджакІуэхэр ди деж зэрыщыІэнум хуэзэхалъхьа программэм, дауи, хагъэхьащ ныбжьыщІэхэм ди щІыпІэ дахэхэм зыщегъэплъыхьынри.

«Нэхъапэми Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІащ урысейпсо мыхьэнэ зиІэ апхуэдэ щІэныгъэ Іуэхухэр. КъапщтэмэКъапщтэмэ, нэгъабэ Налшык щызэхэтащ еджакІуэхэм экологиемкІэ я Урысейпсо олимпиадэм и кІэух Іыхьэр, 2023 гъэм - цІыхухэм я псэукІэр шынагъуэншэу щытыным теухуа къэралпсо къэпщытэныгъэхэр зэрызэхуащІыж зэхуэсыр, 2021 гъэм - «Сириус» хьэрш программэр.

Шэч къытесхьэркъым еджакІуэхэм я Урысейпсо олимпиадэм и кІэух зэхыхьэр мы гъэми сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщауэ зэрыщытынум. Абы зыхудогъэхьэзыр икІи хьэщІэхэм дапоплъэ», - щытхащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым.

ЛІыгъэм и дамыгъэхэр

ЛІыгъэ щІапІэ лІы икІуадэркъым, жаІэ адыгэхэм, лІыгъэр лъэужьыншэ зэрымыхъур, ар зыщІам и цІэр зэрымыкІуэдыр къагъэкІыу. Адыгэм уэрэдыжькІэт и лІыхъужьыр зэригъэлъапІэр, абы и цІэр уахътыншэ зэрищІыр. Апхуэдэ щІыкІэкІэ щІэблэр щІэгушхуэн куэдым я цІэр мыкІуэдыжу нобэм къэсащ. Мы гупсысэкІэм и нехьэкъехуэщ зауэ зэмылІэужьыгъуэхэм лІыгъэ щызезыхьахэм дамыгъэ щхьэхуэхэр зэрыхуагъэфащэри - зауэлІхэм я цІэхэр тхылъымпІэхэм иратхэ, щІагъэпажэм и щхьэусыгъуэхэр къагъэлъагъуэ. Арыххэуи, абыхэм я цІэхэр тхыдэм игъащІэкІэ къонэ. Хэку зауэшхуэр къызэзынэкІыу зи унэ къэзыгъэзэжа щІалэхэм я дежкІэ икъукІэ лъапІэт а дамыгъэхэр. «МафІаем пхыкІа гъущІыкІэкІэ» еджэрт абыхэм, къызыхаха псэзэпылъхьэпІэр ягу кърагъэкІыжу, я нэгу щІэкІахэм хурагъэплъэкІыжу. ЛІыхъужьыгъэм хузэхалъхьа уэрэдхэм ещхьу, апхуэдэ гъэлъэпІэкІэм пшыналъэ къыщІэмыІукІыми, ТекІуэныгъэ Иным и тхыдэжьыр дэтхэнэ зы дамыгъэми щэхуу къыпоІукІ, цІыхум зэхихын щхьэкІи мащІэщ зыхуэныкъуэр - дэІуэн хуейуэ ара къудейщ.

Нэхъыжьхэм пщІэ хуащІу икІи хуэсакъыу зэрахьа дамыгъэхэр къызыхуэна щІэблэм зрагъэщІэну хуейуэ куэдрэ щыщІэупщІэ щыІэщ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хахуагъэ къэзыгъэлъэгъуа зауэлІхэм къэралым яхуигъэфэща орденхэмрэ медалхэмрэ я лІэужьыгъуэхэм, ахэр тын щрагъэжьа илъэсхэм, яту щІыщыта щхьэусыгъуэхэм. Дэри а гукъыдэжым пэджэжыныр игъуэу къэтлъытащ. «Адыгэ псалъэм» и къыдэкІыгъуэхэм щІэнгъуазэ гъэпсыкІэм тету ТекІуэныгъэ Иным и дамыгъэхэм я тхыдэр къытеддзэнущ.

«Дыщэ вагъуэ» медалыр. «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэм нэхърэ нэхъыщхьэ совет къэралым иІакъым. Ар хуагъэфащэрт лІыхъужьыгъэ зезыхьахэм е къэралым и пщІэр хахуагъэ ин хэлъу зэуапІэм щызыхъумахэм. ЦІэ лъапІэр СССР-м и ГъэзэщІакІуэ комитет нэхъыщхьэм 1934 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м и унафэм ипкъ иткІэ къащтащ.

Апхуэдэу СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ 1939 гъэм шыщхьэуІум и 1-м «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэм и дамыгъэ гуэдзэу «Дыщэ вагъуэ» медалыр ягъэуващ. Абы и теплъэр зыщІар архитектор Мержанов Миронщ.

«Дыщэ вагъуэ» медалыр дыщэ плъыжьым къыхэщІыкІащ, бзиитху къызыхэкІ вагъуэ теплъэ зиІэ дамыгъэщ. ІуплъапІэмкІэ бзийхэм бгъу джафэ тІурытІ яІэщ. Вагъуэ бзий къэс и кІыхьагъыр миллиметр 15 мэхъу. Медалым и бзий зэпэщІэтхэм я зэхуакум миллиметр 28,5-рэ дэлъщ.

Дамыгъэ щІыбагъыр зэфэзэщу джафэщ, и хъуреягъыр уэрдыхъу псыгъуэкІэ къэщІыхьащ. Абы хьэрфышхуэ защІэкІэ «СССР-м И ЛІЫХЪУЖЬ» псалъэхэр къыхэІущІыкІащ. Хьэрфхэм я лъагагъыр миллиметриплІ, я бгъуагъыр миллиметритІ мэхъу. Медалым ищхьэкІэ щыІэ бзийм миллиметр зи лъагагъ бжыгъэхэр тетщ - ахэр дамыгъэм и номерщ. Медалым и хьэлъагъыр грамм 21,5-рэ мэхъу.

Дамыгъэм ищхьэкІэ щыІэ къуапэм тхьэгъу пыщІыхьащ, ар дыщэпс зытегъэлъэда дыжьын пІащІэм (къуардэм) хъурджанэ псыгъуэ цІыкІукІэ епхащ. Къуардэр и теплъэкІэ зэпэплІимэщ. Абы и лъагагъыр миллиметр 15, и бгъуагъыр 19,5-рэ мэхъу. Къуардэ кІуэцІым ищхьэмкІи илъабжьэмкІи бдзыгъэ иІэщ, абы данэ щэкІ Іув къешэкІащ. ЩэкІым и лъагагъыр миллиметр 20 мэхъу. Медалыр щыгъыным ирихэпІуэнтІэн хуэдэу, къуардэ щІыбагъым дыжьын лъакъуэ цІыкІу къыхокІ. Къуардэм и хьэлъагъыр грамм 13 мэхъу.

«Дыщэ вагъуэ» медалыр зауэлІ фащэм и ижьрабгъу лъэныкъуэмкІэ хэлъ орденхэмрэ медалхэмрэ ящхьэкІэ хаІуантІэ.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэр цІыху 11603-м хуагъэфэщащ. Абы щыщу а цІэр цІыхуи 104-м тІэунейрэ, цІыхуищым (Жуков Константин, Кожедуб Иван, Покрышкин Александр сымэ) щэнейрэ иратащ.

Адыгэхэм ящыщу «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэмрэ «Вагъуэ плъыжь» медалымрэ хуагъэфэщащ Аскэр Алексей, Андырхъуей Хъусен, Ачмыжь Айдэмыр, Бжьыхьэкъуэ Къырымджэрий, Иуан Хьэсэн, Къанкъуэщ Ахьмэдхъан, Къардэн Къэбард, Къардэн Къубатий, Къардэн Мурат, Къардэн Уэхьид, Къуэныкъуей Назир, Къуэщ Алий, Къуныжь Зэмахъшэрий, Мэсей Аслъэнджэрий, Нэхей Даут, Тамбий Владимир, Тхьэгъущэ Исмэхьил, Хьэбэч Умар, ФІыцІэ Іэбубэчыр, Яхэгуауэ Владимир сымэ. Псори зэхэту цІыху 20 мэхъу.

ТАБЫЩ Мурат.

Гуапагъэ нэскІэ яхуоупсэ

Дэ къытхуатх

Зэпыу имыІэу зызыхъуэж гъащІэм щІэуэ къыщежьэм ущымыгуфІыкІыу къанэркъым. Зы махуэм нэхърэ къыкІэлъыкІуэм къыщагупсысыр нэхъыбэжщ, удэзыхьэхщ.

ДУНЕЙПСО интернетыр апхуэдизкІэ ди гъащІэм хэпщауэ щытщи, зыгуэркІэ ар ди дунейм щыужьыхмэ, дызэса, къэдгъэсэбэп, дызэрыпсэу хьэпшып, Іуэхугъуэ мымащІэм дыпыкІынущ. ТелефонкІэ гъащІэр идохьэкІ. Ар дауэ жыфІа? Зи дауэр аращи, дохутыр дыхуейми, щыгъын къэтщэхунуми, лъэбакъуэ бжыгъэ дапщэ махуэм къэткІуами, сабийр дэнэ щыІэми, сыт хуэдэ щхьэщІэщэ нэхъ Іэдэбми, дунейм сыт щыхъыбарми, сом бжыгъэ дапщэ уиІэми къозыгъащІэр, уеблэмэ къыбжезыІэр телефонырщ. Гъущlым къыхэщІыкІами, къагъэпсалъэ. Хамэ къэрал щыІэми уопсэлъэф телефонкІэ, укъилъагъуу-плъагъужу уэздоуэршэрыф. ЖаІэр пэжмэ, телефоныр зи купсэ интернетым и «унафэщІ» искусственнэ интеллектым (ІэрыщІ акъылым) цІыхум ІэщІагъэу зригъэгъуэтауэ зэрылажьэ куэдым я къалэнхэр езым и пщэ «дилъхьэжынущ». Абы теухуауэ фІы-Іей и лъэныкъуэкІэ зэныкъуэкъури мащІэкъым. Пэжщ, ущысу къыббгъэдалъхьэр, жэуап къозытыр нэхъыфІщ, ауэ абы цІыхур щхьэхынэ ещІ, къыдокІуэ цІыхуитІ зэбгъэдэсу зыжьэу зэрызэмыпсалъэр, хабзэм и бзыпхъэхэр зэраІэщІэхур, цІыхухэр гу быдэ дызэрыхъур. ЗэрыжаІащи, искусственнэ интеллектым лэжьыгъэ-ІэнатІэ мымащІэм я увыпІэхэр зыІэригъэхьэнущ, ауэ, къызэрысщыхъумкІэ, поштзехьэхэр куэдрэ дызыхуеину цІыхущ, абыхэм ягъэзащІэ къалэнхэр зыми хуэгъэкІуэдынукъым.

Къапщтэмэ, Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къамылыкъуэ къуажэр къалэм пэгъунэгъукъым. ЦІыхухэм махуэ къэс сом трагъэкІуадэу газет, журнал къащэхуну къалэм кІуэфыркъым. Ахэр поштзехьэхэм йожьэри тетІысхьэпІэхэм тесщ, газетхэм, пенсэ къыхуахьынум поплъэри. Хэт ахэр абыхэм къаІэрызыгъэхьэр? Поштзехьэхэрщ, шэч хэмылъу.

Илъэс куэд щІауэ Къамылыкъуэ поштзехьэу щолажьэ зи гугъу фхуэсщІыну зэщхьэгъусэхэр. ЖыпІэнурамэ, ахэр къуажэм апхуэдизкІэ къыщацІыхуащ, пщІэ къыхуащІ, я дзыхь ирагъэзри, моуэ-щэ, я Іыхьлы дыдэу, благъэу фІэкІа къалъытэркъым.

ПщыхьэщІэхэ Мухьэмэдрэ Зулийрэ цІыхухэм сэбэп зэрахуэхъун гуращэр я гъащІэ гъуэщ. Зулий мы лэжьыгъэ мытыншым зэрыбгъэдэтрэ илъэс 23-м щІигъуащ, Мухьэмэд илъэс 12-м щхьэдэхащ. А илъэсхэм къриубыдэу зэщхьэгъусэхэм куэд ялэжьащ, къуажэдэсхэм къыхуагъэхьахэр и чэзум яІэрыхьэнымкІэ, жэщ-махуэ ямыщІэу я къалэнхэр ягъэзащІэу.

ПщыхьэщІэ Хьэчим и къуэ Мухьэмэд и гушыІэкІэ дахэм, псалъэ быдэм, хьэл-щэн екІу зэрыхэлъым щыгъуазэщ къуажэдэсхэр. Газет щигуэшкІэ, пенсэр цІыхухэм я Іэгу щрилъхьэкІэ дэтхэнэми гулъытэ яхуещІ, щабэу йопсалъэ. ЦІыхухэри аращ зыхуейр - гуапагъэ нэскІэ къабгъэдэтыр я псэм хуахь.

Къэрэшей-Шэрджэсым къыщалъхуа, илъэс тІощІым щІигъуауэ поштзехьэу лажьэ ПщыхьэщІэ Зулий Рэмэзан и пхъум еуэршэрылІауэ къыдимыхьэху зыри къанэркъым. Гуапэу, щабэу къопсалъэ ар, Іуэху-упщІэ уиІэу убгъэдыхьамэ, тынш дыдэу зэфІегъэкІ, и лэжьыгъэм фІыуэ хещІыкІри. Къуажэдэсхэм абы пщІэ хуащІ къудейкъым, атІэ дэтхэнэ зы унагъуэми я чэнджэщэгъущ, дэІэпыкъуэгъущ. Зулий и лэжьыгъэм гулъытэ хэха хуэзыщІыр къуажэм дэсхэм я закъуэкъым. Абы районми республикэми къабгъэдэкІыу фІыщІэ, щытхъу тхылъхэр къыхуагъэфащэ.

Мухьэмэдрэ Зулийрэ дэтхэнэ зы къуажэдэсми бгъэдыхьэкІэ, епсэлъэкІэ щхьэхуэхэр хуаІэ апхуэдэщ. Газет, журнал, пенсэ, письмо - куэд мэхъу абыхэм кърагуэшэкІыр. ЦІыхухэр зыпэплъэр яІэрымыхьауэ я унэ кІуэжыркъым ахэр. ЗэгурыІуэрэзэдэІуэжу зэдэлажьэ цІыхуитІым уакІэлъыплъыну гухэхъуэщ. Пэжщ, къуажэм поштзехьэ мымащІи щылэжьащ, ауэ ПщыхьэщІэхэр адрейхэм йофІэкІ.

Языныкъуэхэм къащыхъункІэ хъунущ поштзехьэхэм я лэжьыгъэр тыншу, ауэ ар пэжкъым. Апхуэдэу улэжьэн папщІэ уиІэн хуейщ щІэныгъэ, къару, пщІэмкІэ жэуап пхуэхьу, тэмакъкІыхьу, цІыхухэр фІыуэ плъагъуу, гулъытэкІэ ахэр къыдэпхьэхыфу ущытыпхъэщ. Гугъуехьым къримыгъэкІуэт, псэкІэ зи лэжьыгъэм бгъэдэт Мухьэмэдрэ Зулийрэ щапхъэщ.

УвыІэгъуэ зимыІэу зызыхъуэж гъащІэм ПщыхьэщІэ зэщхьэгъусэхэм хуэдэхэр хэмытмэ, дунейпсо интернетым илъэхэнур ди Іэ, ди бзэ, ди зэхэщІыкІ къудейркъым, атІэ дэ пэІэщІэу дыпсэунущ гуапагъэм, гулъытэм, гущІэгъум.

Сыхуейщ Къамылыкъуэ и поштзехьэхэу ПщыхьэщІэхэ Мухьэмэдрэ Зулийрэ илъэс куэдкІэ я лэжьыгъэр ІэщІыб ямыщІыну. ДыщЭр чэзэпкІэ ягъэунэхумэ, цІыхугъэ лъагэм и фащэр зыщыгъхэр, лэжьыгъэм гукІэ бгъэдэтыфхэр щІэблэм я дежкІэ гъуэгугъэлъагъуэу щрырет.

МАХУЭЛІ Беслъэн.

ХьэрычэтыщІэхэр

Урысей Федерацэм хьэрычэт щІэн Іуэхум хэт и цІыхубзхэм я бжыгъэр цІыху мелуан 1,8-м нэсащ икІи бизнесым хэтхэм я процент 41,4-р абыхэм къалъысащ. Нэгъабэ а бжыгъэр процент 41,2-рэ хъурт. 2024 гъэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ зратахэм я нэхъыбэр цІыхубзхэрщ (процент 50,3-рэ), къитащ МСП Корпорацэм.

«2024 гъэм хьэрычэт щІэн Іуэхум хэт цІыхубзхэм я бжыгъэм щІыхэхъуар зи фІыгъэм къэрал дэІэпыкъуныгъэхэри хэтащ. Ипэ илъэсхэм цІыхухъу хьэрычэтыщІэхэм нэхъыбэрэ зыкъытхуагъазэу щытащ я Іуэху ирагъэжьэн е ар ирагъэфІэкІуэн папщІэ. Ауэ нэгъабэ абыхэм япэ цІыхубзхэр ищыжащ икІи ахэр процент 50,3-рэ хъуащ. Абы нэмыщІ, хьэрычэт щІэн Іуэхум хэт цІыхубзхэм ящыщу плІы къэс зым и ІэнатІэр нэгъабэ къызэІуихащ», - жиІащ МСП Корпорацэм и унафэщІ Исаевич Александр.

ЦІыхубзхэм нэхъыбэу ирагъажьэ лэжьыгъэхэр социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм (сымаджэхэм, зы ныбжь хэкІуэтахэм, н. къ. якІэлъыплъын - процент 83,5-рэ), цІыхухэм щхьэхуэу хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм (зыщагъэдахэ, щхьэщІэщапІэ, жьыщІапІэ хуэдэхэм - процент 77,4-рэ), дэрбзэрым (процент 71,7-рэ), туризмэм (процент 17,2-рэ), егъэджэныгъэм (процент 69,9-рэ) пыщІащ.

Къищынэмыщ Іауэ, цІыхубз ІэщІагъэу къалъытэхэр: Іэбжьанэм, лъэбжьанэм, напэм елэжьын, сабийм кІэлъыплъын (процент 97-рэ), стилист-щхьэщІэщэ (процент 92-рэ), щыгъын зыд (процент 91-рэ) - къанэ щымыІэу абыхэм яубыдащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэдгъэлъагъуэмэ, хьэрычэт щІэн Іуэхум хэт цІыхубзхэм я бжыгъэр 6442-рэ хъуащ нэгъабэ. Унеи ІуэхущІапІэу республикэм щылажьэм и процент 38,4-р абыхэм яІыгъщ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, хьэрычэт щІэн Іуэхум хэт цІыхубзхэм къэрал дэІэпыкъуныгъэхэр ират 2025 гъэм щегъэжьауэ щІыналъэм щылажьэ «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Спартак-Налшык» - «Нарт» (Черкесск) - 1:1

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ дыгъуасэ Налшык и «Спартак» стадионым щызэхэта зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэ къриКІуащ. Ди щІалэхэм ящыщу топыр дигъэкІащ Мусаев Магомед, хьэщІэхэм къахэжаныкІащ Суанов Руслан.

Джэгур зэрекІуэкІамрэ адрей зэІущІэхэм яужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым и къыкІэлыкІуэ къыдэкІыгъуэм тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу

ЗауэлІ хахуэ икІи щІэныгъэлІ цІэрыІуэ

«Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэд лъандэрэ и ныбжьэгъуфІ, абы и къыдэкІыгъуэхэм дапщэщи пэплъэ ди щІэджыкІакІуэхэм ящыщщ лъэпкъ еджагъэшхуэ, мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ доктор, Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр РеспубликэмщІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик БЛИЙ Станислав. Хэкупсэ нэсу зи дунейр езыхьэкІ щІэныгъэлІ цІэрыІуэр ди газетеджэхэм нобэ ядогуашэ и егъэджакІуэу, унэтІакІуэу щыта, лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа КІэрэф Къамболэт Наурыз и къуэм теухуа и гукъэкІыжхэмкІэ.

«СЭ цІыху куэдым сарихьэлІащ, сахуэзащ, садэлэжьащ. Дауи, абыхэм ящыщ дэтхэнэри уи гум къинэркъым. Псэм ихъумэр уи гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызиІэу хэтахэрщ, абы лъэужь къыщызыгъэнахэрщ. Апхуэдэу си дежкІэ лъапІэ цІыхухэм ящыщщ адыгэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, унэтІакІуэу, чэнджэщэгъуу, егъэджакІуэу гъащІэм щызиІа КІэрэф Къамболэт. А адыгэлІ щэджащэм и фІыгъэ куэд хэлъщ сэ зыІэрызгъэхьа ехъулІэныгъэхэм.

Къамболэт къыщыхъуа КІэрэфхэ я унагъуэм и лъабжьэр Тэрч районым хыхьэ Акъбащ Ипщэ къуажэм щыІэщ. МэкъумэшыщІэ унагъуэм 1912 гъэм къыщалъхуа щІалэ цІыкІум адыгэ лъэпкъыр, ди республикэр, къэралыр зэрыгушхуэн, зэрыпагэн цІыху къыхэкІыну Тхьэм иухат. ЩІалэ гурыхуэм курыт школыр ехъулІэныгъэкІэ къиуха нэужь, а зэманым Налшык дэта ЛУГ-м щеджащ. ИужькІэ и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Орджоникидзе (иджы Владикавказ) дэт Бгылъэ мэкъумэш институтым. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ 1932 гъэм зэзыгъэгъуэта щІалэщІэм и еджэным щыпищащ Лениным и цІэр зезыхьэ Мэкъумэш академием къепхауэ лажьэ Союзпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ мэкъумэш институтым Ленинград (иджы Санкт-Петербург) щиІэ къудамэм и аспирантурэм. ИригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр Къамболэт щызэхуихьэсыжащ 1935 гъэм хьэзыр ищІа и щІэныгъэ лэжьыгъэшхуэм. Ар ехъулІэныгъэкІэ абы щыпхигъэкІащ КІэрэфІым икІи илъэс 23-рэ фІэкІа зи мыныбжь адыгэ щІалэр хъуащ мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ кандидат.

Республикэм къигъэзэжа нэужь, Къамболэт Коммунист школ нэхъыщхьэм и проректору ягъэуващ, щІым елэжьынымкІэ кафедрэм и унафэщІ къалэнри и пщэрылъу.

Совет къэралыгъуэм щыпсэу цІыхухэм я мурадхэмрэ гугъэмрэ къызэпиудауэ щытащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм. Абы и бэлыхьхэр зылъэгъуахэм, зышэчахэм ящыщащ щІэныгъэлІ пажэ КІэрэфыр. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэр къызэзыгъэпэщахэм жыджэру яхэтащ ар, эскадроным и пашэу. Сталинград деж щекІуэкІа зэпэщІэувэныгъэм, нэгъуэщІ фронт зэгухьэныгъэхэм хэту КІэрэфыр зэуащ, лІыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу, и Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщІэ и къаруи зэфІэкІи щымысхьу.

Хэку зауэшхуэр ди къэралым и текІуэныгъэкІэ иуха нэужь, майор КІэрэф Къамболэт щалъхуа щІыналъэм къигъэзэжащ. ЛІыхъужьу, къэмылэнджэжу бийм пэщІэта адыгэлІым и бгъэгум щылыдырт ордени 5-рэ медаль 15-рэ, «Хахуагъэм папщІэ» дамыгъэ лъапІэри яхэту. А мафІае илъэсхэм ятеухуа гукъэкІыжхэр зэрыт «В огне закалённые» тхылъыр фронтым Іута зэныбжьэгъухэу Куэтэншы ТІалэ, Черкесов Сарбий, Джатауэ Хьэмыщэ сымэ, КІэрэф Къамболэт я пашэу ятхауэ икІи Нал-шык къыщыдагъэкІауэ щытащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 50 щрикъум ирихьэлІэу. А лэжьыгъэм нобэ мыхьэнэшхуэ иІэщ Хэку зауэшхуэм и тхыдэр нэсу зэфІэгъэувэжа хъунымкІэ. Ар яфІэхьэлэмэтщ а лъэхъэнэр зыдж тхыдэ ІэщІагъэлІхэм, журналистхэм, щІалэгъуалэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэ дивизэм хэтахэр я ІуэхукІи псэукІэкІи зэрыщІэу, хэкупсэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыу къэгъуэгурыкІуащ. Ахэр зыхэт совет щхьэхуэ къызэригъэпэщат икІи и лэжьыгъэр иубзыхуу и пашэу щытащ КІэрэф Къамболэт. А илъэсхэм щатепсэлъыхькІэ, Къамболэт дапщэщи къыхигъэщырт, илъэсхэр блэкІми, шуудзэ дивизэм и лІыгъэр, Хэку зауэшхуэм хэта дэтхэнэ зауэлІми зэрихьа хахуагъэр жылагъуэм щапхъэу щагъэлъагъуэу, абы щІэблэхэр щІапІыкІыу зэрыхъунур.

Зауэ илъэс ткІийхэр и нэгу щІэкІауэ, абыхэм япсыхьауэ КІэрэфыр фІыуэ илъагъу щІэныгъэ-къэхутэныгъэ ІэнатІэм пэрыхьэжащ. Ар жыджэру хэтащ зауэм зэхикъута цІыхубэ хозяйствэр зэфІэгъэувэжыным. Мыбдежым псом нэхърэ нэхъыщхьэр мэкъумэш лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу зэтеублэжынырт. А къалэн гугъур 50 гъэхэм и пэм дзыхь къыхуащІауэ щытащ КІэрэфым, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министру ягъэуври.

Ар я пашэу зэрагъэпэщыжауэ щытащ пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкІхэр гъэкІыным елэжь щІэныгъэ ІэнатІэхэр, псыщІэгъэлъадэм пыщІа станцхэр. КІэрэфым къару куэд ирихьэлІащ ди щІыпІэм ныкъусаныгъэншэу къыщыбгъэкІыфыну Іэрысэ гуэдз лІэужьыгъуэхэр, узыфэхэм япэщІэтыф, гъавэ бэв къэзыт нартыху лъэпкъыгъуэхэр къэгъэхъуным. Абы къэхутэныгъэхэр щригъэкІуэкІырт къуажэхэм щызэхэт колхозхэм, совхозхэм я губгъуэхэм. Абыхэм я техникэ станцхэри зэгъэпэщыжынми гулъытэ хэха хуищІырт КІэрэфым. Жэщ-махуэ имыІэу ар егугъурт къэкІыгъэ лІэужьыгъуэщІэхэм я зэфІэкІхэр къэхутэным, нэхъ псынщІэу ахэр хозяйствэ псоми къагъэсэбэпыф, апхуэдэуи гъавэ бэв къытрахыф хъун папщІэ. КъэкІыгъэщІэхэр къэгъэхъуныр, абыхэм ехьэлІа къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыныр зи къалэн нэхъыщхьэ ІэнатІи республикэм къыщызэригъэпэщат КІэрэфым.

ЩІэныгъэ куу, акъыл шэщІа зыбгъэдэлъ КІэрэфыр мыгувэу ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІу. Абы къыкІэлъыкІуэу ар и пашэ хъуащ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэу къалъытэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ЗэфІэкІышхуэ, гудзакъэ зиІэ щІэныгъэлІ щыпкъэм мыбдежми зыкъыщигъэлъэгъуащ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ нэсу. КъызэрагъэпэщагъащІэ еджапІэ нэхъыщхьэр зыхуэныкъуэр ІэщІагъэлІхэм и закъуэтэкъым, атІэ а иІэ егъэджакІуэ мащІэри зыхуейзыхуэфІ куэдым хущыщІэрт. Абы къыхэкІыуи егъэджэныгъэр, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр тэмэму зэтеубла хъуртэкъым. Іуэхур зыІутым фІыуэ зыщигъэгъуэза нэужь, КІэрэфым мурад ищІащ зэман кІэщІым къриубыдэу университетыр мылъку-техникэ лъабжьэ быдэкІэ къызэригъэпэщыну икІи ар зригъэхъулІащ. Къамболэт и фІыгъэкІэ нэхъ псынщІэу зэфІэкІауэ щытащ университетым и химико-биологие, тхыдэ-филологие, физико-математикэ факультетхэм, механизацэм, зауэ Іуэхухэм щыхурагъаджэ къудамэхэм я ухуэныгъэр. Апхуэдэу студентхэм папщІэ яухуауэ щытащ спорт пэшышхуэр, общежитхэр, тІысыпІэ 300 зиІэ шхапІэ иныр, библиотекэр, еджапІэ пэшхэр.

КІэрэфыр КъБКъУ-м и ректору щыщыта илъэсхэм абы апхуэдэу къыщызэІуахауэ щытащ щІалэгъуалэр ухуэныгъэм, промышленностым, мэкъумэш ІэнатІэм епха ІэщІагъэхэм щыхурагъаджэ, медицинэ факультетхэр. Псори зэхэту а лъэхъэнэм университетым къыщІигъэкІыу щытащ цІыхубэ хозяйствэм и унэтІыныгъэ 11-м щылэжьэф ІэщІагъэлІхэр. Абыхэм я щІэныгъэм щыхагъэхъуэн, я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм щыхэплъэн папщІэ а зэманым КъБКъУ-м къыщызэрагъэпэщауэ щытащ кандидат диссертацэхэмкІэ совет щхьэхуэ. ЩІыпІэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІым хэгъэхъуэнымкІэ ар ІэмалыфІ хъуауэ щытащ.

Сыт хуэдэ ІэнатІэ щыпэрыти, КІэрэфым зэи ІэщІыб ищІакъым щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Абы къигъэхъуа къэкІыгъэ лІэужьыгъуэхэу «Кабардинец» (зэнтхъ), «Кабардинка» (гуэдз), «Кабардинская белая зубовидная», «Юбилейная-50» (нартыху лъэпкъыгъуэхэр) цІэрыІуэ щыхъуар ди республикэм и закъуэкъым, атІэ ди къэралым и щІыпІэ куэдми, хамэ щІыналъэхэми щытхъушхуэ щыхужаІащ. КІэрэфым республикэм къыщызэригъэпэща щІэныгъэ-къэхутэныгъэ ІэнатІэм и цІэфІи дэнэкІи щыІуащ. Абы игъэхьэзыращ щІэныгъэхэм я кандидатрэ доктору цІыху 60-м щІигъу, и къалэмыпэм къыщІэкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэу 400-м нэс.

А профессор цІэрыІуэращ адыгэхэм ящыщу япэу щІэныгъэхэмкІэ доктор хъуар. Апхуэдэу КІэрэфыр Бгылъэ мэкъумэш университетым щІыхь зиІэ щІэныгъэлІу, доктору щытащ. Илъэс 40-кІэ ар хэтащ а еджапІэ нэхъыщхьэм и ЩІэныгъэ советым.

КІэрэфым зэфІиха Іуэхушхуэхэр гулъытэншэу къэнакъым. И лэжьыгъэфІым папщІэ абы къыхуагъэфэщащ СССР-м и къэрал дамыгъэ зыбжанэ, къэратащ РСФСР-м, КъБАССР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм къабгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр, ВДНХ-м, ВСНХ-м я дыщэ, дыжьын медалхэр. Апхуэдэу щІэныгъэлІ, ЩІДАА-м щІыхь зиІэ и академик, КъБКъУ-м и профессор КІэрэф Къамболэт къыфІащауэ щытащ УФ-м, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, щІыхь зиІэ я агроном, КъБР-м щІыхь зиІэ и нартыхугъэкІ цІэхэр. Еджагъэшхуэр щытащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Апхуэдэ пщІэрэ дзыхьрэ республикэм щыпсэухэм кърагъэзэурэ, КІэрэфыр мызэ-мытІэу хахащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, щытащ республикэм и Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Тхьэмадэм и къуэдзэу.

Апхуэдэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъу псэуа Къамболэт я щапхъэт цІыхугъэ лъагэм, зэхэщІыкІ куум, Іэдэбагъымрэ щэныфІагъымрэ.

Республикэм щІэныгъэм зыщегъэужьыныным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа КІэрэф Къамболэт къипсэуа дэтхэнэ зы махуэри хуэгъэпсауэ щытащ щалъхуа и щІыналъэм, Хэкум я ехъулІэныгъэм. ТекІуэныгъэ Иным и сэлэт хахуэр, гупсысэ куу зыбгъэдэлъа лъэпкъ щІэныгъэлІ пажэр, езыр къытхэмытыжми, нобэ ди гъусэщ и псалъэхэмкІэ, къэхутэныгъэхэмкІэ, лэжьыгъэ купщІафІэхэмкІэ. КІэрэфым ирихьэжьа Іуэхухэр ягъэкІуатэ щІэныгъэлІым и лъэужьым ирикІуэ и гъэсэнхэм».

Зыгъэхьэзырар
ТАМБИЙ Линэщ.

ФІыщІэ тхылъхэр ират

УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэм теухуа зэІущІэ гуапэ щекІуэкІащ КъБР-м щыІэ МВД-м.

КЪЭРАЛ кІуэцІ Іуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ, полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав следственнэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ, къыхэжанык Іахэм щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр яритащ.

Абы хъуэхъу тхылъыр ІэщІилъхьащ министрым и къуэдзэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ - Следственнэ управленэм и унафэщІ, полицэм и полковник Факъуэ Казбек.

Министр Крючков Вячеслав къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, къыхигъэщащ зыхуагъэувыжа къалэнхэр гъэзэщІэнымкІэ а ІэнатІэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

- Фи лэжьыгъэфІым, щІэпхъаджагъэ гугъухэм хэплъэнымрэ къыщІэгъэщынымрэ жэуаплыныгъэшхуэ фхэлъу фызэрыбгъэдыхьэм фІыщІэшхуэ хуэфащэщ. Фэри, ІэнатІэм и ветеранхэми узыншагъэ быдэ, унагъуэ насыпрэ зэІузэпэщыгъэрэ фиІэну сынывохъуэхъу, - къыхигъэщащ министрым.

Іуэхум пащэу, следственнэ ІэнатІэхэм я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа, къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ органхэм екІуу илъэс куэдкІэ щылэжьа, юстицэм и полковникхэу Щэрдан Борисрэ Шыбзыхъуэ Зауррэ ЩІыхь тхылъхэр иратащ.

Зи къалэнхэр хьэлэлу зыгъэзащІэ, зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм папщІэ КъБР-м щыІэ МВД-м и Следственнэ управленэм, абы и щІыналъэ къудамэхэм я лэжьакІуэхэм ведомствэм и щІыхь, министрым къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъхэр иратащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Дэни къыщацІыху

Урысей Федерацэм, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цІыхубэ сурэтыщІ, УФ-м и Художникхэм, Журналистхэм, ТхакІуэхэм я союзхэм хэт Къат Теувэж ди къэралым фІыуэ къыщацІыху, абы и цІэр щащІэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъуми, Тыркуми, Европэми.

АДЫГЭЛІ зэчиифІэм и лэжьыгъэхэм нэхъыбэу къыщыгъэлъэгъуар XX лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм и кІэухкэм, XXI и пэщІэдзэхэм лъэпкъ щэнхабзэм зэрызиужьарщ. Апхуэдэуи Къатым и ІэдакъэщІэкІхэр теухуащ къыщалъхуа щІыналъэм, адыгэхэм я тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм. «Си къуажэ», «Жыг хадэ», «Гугъэ», «ЩакІуэхэр», «1918 гъэ» сурэтхэм я цІэхэм къыбжаІэ абыхэм къыщыгъэлъэгъуар. КъищынэмыщІауэ, къэрал куэд къызэхикІухьыну хунэсащ Теувэж икІи ахэр къызэрыщыхъуар щынэрылъагъущ «Иордание», «Болгарие», «Мэжэр» сурэт гупым. График, живописец цІэрыІуэм лэжьыгъэ мин бжыгъэ и ІэдакъэщІэкІщ. Абы и зэчиймрэ зэфІэкІымрэ гъуни нэзи яІэкъым жыпІэкІэ, ущыуэнукъым. Ар матхэ тушкІэ, дагъэкІэ, акварелкІэ.

Мэлыжьыхьым и 8-м и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуащ Къат Теувэж. Ди гуапэу дохъуэхъу дызэрыгушхуэ ди лъэпкъэгъум узыншагъэ иІэну, и ехъулІэныгъэхэмкІэ дигъэгуфІэну.

Къатым и гупсысэхэм, гукъэкІыжхэм щыщщ адэкІэ къыкІэлъыкІуэнур.

Мейкъуапэ щегъэжьауэ хамэ къэралхэм нэс

- Сэ зэрысщІэжрэ сурэт сощІ. Си сабиигъуэм сыщегупсыскІэ, си нэгу къыщІыхьэр сыкъызыхэкІа бынунагъуэшхуэрщ. Зэкъуэш пщыкІуз дыхъурт, зы шыпхъу закъуэ диІэу. Зэкъуэшхэм псоми къалэн зырыз яІэт, сэ сынэхъыщІэти, зыкъом сщхьэщахырт. Хэт пхъэ къиишэну, хэт удз къихыну щыдэкІхэм деж сэ унэм сыкъэнэжырт. Мис абы щыгъуэм сурэт щІын фІэкІа Іуэху сиІэтэкъым. «Уэнэ ущІэсурэ гъуэжь ухъуащ», - жиІэурэ си анэм сыкъыщІишу зэрыщытар сощІэж, уэрамым щыджэгу си ныбжьэгъухэм сахигъэхьэну хуейуэ.

Курыт школыр къыщызухам, пэжыр жысІэнщи, КъуэкІыпІэ къэралхэм я бзэхэр щадж институтым сыщІэтІысхьэну сыхуейт. Москварэ Бакурэт апхуэдэ еджапІэ щызэдэщІэтыр. Ауэ а зэманым ди къуажэм зы унагъуи дэстэкъым я бын а къалэхэм еджакІуэ ягъэкІуэфыну. Ісэмал дызэримыІэм къыхэкІкІэ, а мурадыр хъуэпсапІэ къудейуэ къэнэжри, Кубань къэрал университетым сыкІуащ сыдэзыхьэх Іуэхум - сурэт щІыным - сыхуеджэну. 1959 гъэм ехъулІэныгъэхэр сиІэу къэзухащ ар.

Сурэт щІынымрэ черченымкІэ егъэджакІуэ ІэщІагъэр зэзгъэгъуэтауэ арати, Мейкъуапэ къэзгъэзэжри, илъэс ныкъуэкІэ сыщылэжьащ. ИтІанэ си щІэныгъэм щыхэсхъуащ Тбилиси дэт Художественнэ академием.

Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ куэдым сыхэтащ сэ - Сирие, Иордание, Мэжэр (Венгрие), Болгарие, Тырку (Истамбыл, Анкара, Бурсэ), Куржы. Си лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ щхьэхуэхэр 20 мэхъу.

1982 гъэм Будапешт сыщыщыІам Дунейпсо мэжэр саугъэтыр, Каплар Миклош и цІэкІэ щыІэр, къысхуагъэфэщауэ щытащ. Болгарием, Мэжэрым, Къалмыкъым щекІуэкІа пленэрхэм (жьы къабзэм хэту сурэт щІыным) сыхэтащ.

КъуэкІыпІэм и сурэтыщІ цІэрыІуэхэм адыгэхэри яхэтщ

- Си ІэщІагъэм къэрал куэдым щыщхэр ныбжьэгъу схуищІащ, ауэ нэхъыщхьэр си къуэш куэд къызэрызгъуэтыжарщ. Дэнэ сыкІуэми сэ сфІэгъэщІэгъуэнщ сурэт щІыным дихьэх адыгэхэр зэзгъэцІыхуну. Езыхэми уи хъыбар зэрызэхахыу, къыпщІоупщІэ, укъалъагъу.

Хамэ щІыпІэхэм щикъухьа шэрджэсхэм яхэтщ Европэм ХудожествэмкІэ и академие нэхъыфІхэр къыщызуха сурэтыщІ Іэзэхэр. Абыхэм фІыуэ сурэт ящІ, жыпІэкІэ ущыуэнукъым. КъызэрымыкІуэу дахэу тхэ бзылъхугъэхэми сарихьэлІащ. КъухьэпІэмкІэ щыщ нэмыцэ е америкэ абстракционист гуэрым и ІэдакъэщІэкІыу фІэкІа умыщІэну тхэ цІыхубз слъэгъуащ.

Сурэт щІыныр цІыхухъу ІэщІагъэу къалъытэ, ауэ нэгъуэщІхэм я гугъу умыщІи, Анкара щыщ, сэ сызыхуэза адыгэ бзылъхугъэ цІыкІум и Іэзагъыр щыхьэт тохъуэ ар зэрымыпэжым. Абстракционизмыр пыухыкІауэ зыгуэр къыщымыгъэлъэгъуа сурэтщ. Сэ сурэтыщІ Іэзэ куэдым я ІэдакъэщІэкІхэр слъэгъуащи, а пщащэм ейм езгъэщхьын срихьэлІакъым. НэгъуэщІ зыгуэрым и нэм къыфІэнэну къыщІэкІынкъым сэ гу зылъыстар: апхуэдизкІэ ди лъэпкъым и хьэуакІэ псыхьат абы и лэжьыгъэхэри, тхыпхъэ, дамыгъэ щхьэхуэхэр къыхэбгъуатэрт. Ар гур зэрыгъум тету ищІу аращ, армыхъумэ, хуейуэ хилъхьэркъым. Абы и сурэтым ущеплъкІэ уи нэгу арджэн къыщІохьэ!

Мыри гъэщІэгъуэнщ: Кавказ Ищхъэрэм ис адыгэхэм япэ ирагъэщыр макъамэр, къафэр арамэ, хамэ къэрал щыпсэухэр дэзыхьэхыр сурэт щІынырщ.

Тыркум щызэзгъэцІыхуахэм ящыщщ Пщэкукъуэ (Озел) Мыхьмуд. Ар бжьэдыгъу щІалэщ, инженер-электрикщ, дахэу адыгэбзэкІэ мэпсалъэ. Босфор телъ лъэмыжыр щхъуэкІэплъыкІэу зэщІэзыгъаблэ уэздыгъэхэр къэзыгупсысар аращ. Абы и къуэш Ахьмэди абстракционистщ. Ар Истамбыл дэт академиехэм ящыщ зым и кафедрэм и унафэщІщ. Сишэри и лэжьапІэр сигъэцІыхуащ, и студентхэм саІуигъэщІащ.

Зэрыригъаджэм нэмыщІ, дуней псом къыщалъытэ реставраторщ Ахьмэд. Хамэ къэралхэм къыщрашэкІыурэ фэеплъхэр зыхуей хуегъэзэж, къегъэщІэрэщІэж. Абы и сурэтхэри хуабжьу хьэлэмэтщ. Зи гугъу сщІы хъыджэбзым и ІэдакъэщІэкІхэр арджэным езыгъэщхь тхыпхъэхэр хэтмэ, Ахьмэд и сурэтхэм пшэхэм, бгыхэм, шым, шууейм я теплъэхэр хыболъагъуэ. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, ахэр гум, щхьэм, лъым хэтщи, емыгупсысу я Іэм ищІу аращ. Мис апхуэдэ Іэзэхэр щыслъэгъуащ Тыркум.

Алыдж, Византие гъуазджэм я музей куэд дэтщ Истамбыл. Сымылъэгъуамэ, си фІэщ хъунтэкъым тыркухэм апхуэдиз яхъумэфауэ. Мозаикэ, барельеф жыпІэми, телъыджэ куэд ущрохьэлІэ а музейхэм. Мозаичнэ лъэгум щыщ Іыхьэ рамэм иралъхьэри, фІадзащ. Ар гъэщІэгъуэнкъэ?!

ЖысІэну сызыхуейращи, КъуэкІыпІэм сурэтыщІ цІэрыІуэ куэд щолажьэ, псом хуэмыдэу зэчий ябгъэдэлъщ тыркухэм, абыхэм ди лъэпкъэгъу Іэзэхэр зэрахэтри ямылейуэ гуапэ сщыхъуащ.

Абстракционистхэм нэмыщІ, примитивистхэми (нэхъ пасэм щыІа сурэт щІыкІэ Ісэмалхэр къэзыгъэсэбэп) сащрихьэлІащ сэ Тыркум. СфІэгъэщІэгъуэныр мис а примитивистхэм краскэ зэмыфэгъухэр хьэлэмэту зэрызэхалъхьэрщ - фІыцІэ, хужь, дэм, щІым я фэр. Апхуэдэ нэхъыбэу щыслъэгъуар Куржыращ. Абы сыщеджащ, сыщыпсэуащи, фІыуэ сощІэ, куржыхэр а сурэт щІыкІэм зэрыбгъэдыхьэр. Абыхэм нэхърэ нэхъыфІу примитивизмыр къызыгурыІуэ бгъуэтынукъым. Зи гугъу сщІы тыркухэм куржы школыр ялъэгъуакъым, итІани зэрызэпэджэжыр гъэщІэгъуэнщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, Тыркум щыпсэу ди къуэшхэм куржыхэм ещхьу сурэт ящІ.

Си адэшхуэм и хьэщІэщым

Нэхъапэм сызэлэжьу щытар дагъэр зи лъабжьэ живописырщ. Ауэ ар Кавказым, Урысейм къыщащтэркъым, Куржырат нэхъыфІу щикІыр. ФІыцІэр нэхъ ебэкІыу зэрыщытыр арагъэнщ. Фэ зэрыфщІэщи, Урысейм плъыфэ нэхъ цІухэр, зэмыфэгъухэр нэхъ къыщащтэ.

ДагъэкІэ сыщытхэм, фІыцІафэр нэхъ зэбэкІ живописым иужь сыщитым, куэдым зэрафІэмыфІыр къызагъэщІащ, къызэхъурджэуаи яхэтащ. Ауэ Куржым щысшам ІэщІагъэлІ нэхъыфІхэм ягу ирихьащ, икІи щІэх дыдэу зэбграхащ.

Иджыпсту сызэрытхэр псыр зи лъабжьэ краскэращи, абы и фІыцІэр дахэ хъуркъым, узэпхроплъри. Плъыфэ зэмыфІэгъухэм сытехьауэ, уафэм и фэр, плъыжьыр нэхъ къыхызогъэщ. АкварелкІэ сщІа сурэтхэр Кавказ Ищхъэрэм утыку къыщисхьэм: «Къатыр къэтцІыхужыркъым, и краскэ фІыцІэр дэнэ ихьа?», - къысхужаІэрт. «ИкІэм-икІэжым сурэт щІыным зригъэсащ», - ятхырт гъуазджэмкІэ критикхэм.

Сурэт щІыным сыщыдихьэхам къыщожьэ журналистикэм сыщыхуеплъэкІари. Школым сыщыщІэсым ди республикэм къыщыдэкІ адыгэ газетым ретушеру сыщыІэт, ахъшэ тІэкІу къыщызлэжьу. Мис абы щыгъуэм сфІэфІт тхыгъэхэри яхуэсхьыну. Уеблэмэ, лэжьыгъэм и пІалъэ зыщІэ журналистхэм «кистыр гъэтІылъи, тхэн щІэдзэ», - къызжаІэрт.

Си Іэдакъэ тхылъитху къыщІэкІащ. Абыхэм яхэтщ си гъащІэр къызэрекІуэкІам, сыкъыщыхъуа унагъуэм, Краснодар сызэрыщеджам теухуахэр. Си гукъэкІыжхэр зым ихуащ. Романхэмрэ повестхэмрэ адрейхэм щызэхуэхьэсащ.

Си адэм хьэщІэщ иІэу щытащ, си адэшхуэм ищІауэ. Абы Адыгэ Республикэ псом щыщ лІыжьхэр къыщызэхуэсырт. Сэ сыщыцІыкІум си адэшхуэм деж къакІуэу щытащ ахэр, иужькІэ си адэм деж къекІуалІэ хъуащ. Сыту хъыбар гъэщІэгъуэн куэд сыщедэІуа абы, сыту ІущІыгъэ куэд щызэхэсха! Гъэмахуэ пшыхь кІыхьым абыхэм жаІэм седаІуэу сыщысыфынут. Абы ди адэшхуэм и гъуэлъыпІэ гуэр щІэтт, арджэн илъу. Си жеин къыщыкІуахэм деж а гъуэлъыпІэжьым и лъабжьэм сыщІэпщхьэрти, зызгъэпсэхурт. Псалъэжь Іущхэр, нарт хъыбархэр, джэгуакІуэхэм жаІэу щыта гъыбзэхэр - зэхэзмых щыІэтэкъым.

Ди деж къыщызэхуэсхэм зы лІыжь яхэтт, нэфт ар, революцэм и пэкІэ Каир университет къыщиухат. Астроному щытагъэнщ ар, дэнэ деж сыт хуэдэ вагъуэ исми ищІэрт, ахэр зэрызэхэсымкІэ, гъэр бэв хъунрэ гъей хъунрэ жиІэфырт.

А хъыбархэм хэтахэм я цІэхэр зэсхъуэкІащ, икІи сэ къызбгъэдэкІыу зыгуэрхэр дыщызгъужащ, архив куэдми сыхэплъащ, тхылъ куэди щІэзджыкІащ, абы иужь сихьэн ипэ.

Къэбэрдейм сыпызыщІэр сыт?

- А зэпыщІэныгъэм къежьапІэ хуэхъуар Краснодарщ, си студентыгъуэ илъэсхэрщ. Кубань къэрал университетым и художественно-графикэ факультетыр къызэІуахагъащІэу сыщІэтІысхьащ сэ. Кавказ Ищхъэрэм щыщ куэд си япэкІи иужькІи нэкІуащ абы. Къэбэрдейм щыщхэу КІыщ Мухьэдин, Мэлбахъуэ Борис, Ездэч Владимир сымэ аращ къыщысцІыхуар. Илъэс бжыгъэкІэ дызэщхьэщыкІми, дызэныбжьэгъуу, къуэшыгъэ ди зэхуаку дэлъу дызэдеджащ.

Си ныбжьэгъуфІу щытащ Къып Мухьэмэд. СыткІи къыстекІуэу си къуэш адыгэхэм яхэтар а зыращ - псэлъэнкІи, къэфэнкІи, гуп хэсынкІи, Іуэху щІэнкІи. Куэдрэ дызэкІэлъыкІуэрт, я унагъуэ сыкъихьэрт, езыр ди деж накІуэрт. Зы лъэхъэнэ сэ - Адыгейм, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым я СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэхэм драунафэщІу щытащ. Мис абы щыгъуэм щІэх-щІэхыурэ дызэхуэзэрт, дызэдэжьэрт. Хуабжьу цІыху зэпІэзэрытт, щабэт, губзыгъэт, сурэтыщІ Іэзэт Къыпыр.

Абей Виктор, БжэІумых Хьид, ТхьэкІумашэ Михаил, Темыркъан Владимир сымэ я цІэ къысІуэну сыхуейщ. Ахэри ныбжьэгъугъэр иризгъэхъуну Тхьэр къызэрысхуэупса цІыхухэм ящыщщ.

ХудожествэмкІэ къэрал академиеу Тбилиси щыІэм си щІэныгъэм щыпысщащ. Абы къыщызэдеджащ Зеикъуэ къуажэм щыщ Щомахуэ Мухьэмэд. Къэбэрдей сурэтыщІхэр, Сындыку Тобий (Анатолэ) деж щегъэжьауэ, нэхъыжьхэри нэхъыщІэхэри къуэш пэлъытэу сиІащ.

Куэдрэ сытепсэлъыхьыфынущ ІэщІагъэкІэ ныбжьэгъуфІ схуэхъуа адыгэ щІалэхэм. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, мыбы СурэтыщІхэм я союз лъэщ щызэфІэуващ, УФ-м и зэгухьэныгъэм япэу хыхьа хэгъэгур КъБР-ращ, Кавказ Ищхъэрэм щыщ сурэтыщІ нэхъ Іэзэу къалъытэхэр уи хэкуэгъухэрщ.

Куэдрэ сигу къокІыж си гъащІэм хэта цІыху щэджащэхэр. Уи щІалэгъуэм адэмыдэкІэ зыбдзурэ гъэхэр зэрыкІуэри, гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщІыпхъэ цІыхухэр зэрыпІэщІэкІри зыхэпщІэркъым. ИтІанэщ, уи щхьэцым тхъугъэ хидза нэужькІэщ, уи гъащІэр зыгъэщІэрэщІа цІыху телъыджэхэм я Іэзагъри, цІыхугъэри, дуней тетыкІари здынэсу щытам ущегупсысыжыр. Сэ апхуэдэхэр сигу къыщызгъэкІыжкІэ къызгуроІуэ, адыгэ сурэт щІыным и лъабжьэр зыгъэтІылъар мис а си ныбжьэгъухэр зэрыарар.

Зытхыжар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Дунейм щыхъыбархэр

Хуитыныгъэхэр щхьэщах

Эстонием и президент Карис Алар хамэ къэралхэм я цІыхухэу я деж щыпсэухэр хэхыныгъэхэм хэтыну хуитыныгъэ ямыІэу конституцэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм теухуа унафэм арэзы техъуащ. Апхуэдэ хъыбарыр къитащ Эстонием щылажьэ «ERR» лъэпкъ телерадиокомпанием.

ЗИ хуитыныгъэ ягъэмэщІар Урысей Федерацэмрэ Белоруссиемрэ и цІыхухэу а республикэм щыпсэухэрщ. Европэ зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм я цІыхухэм Ісэмал яІэнущ щІыпІэм щекІуэкІ хэхыныгъэхэм хэтыну.

Карис Алар къыхигъэщащ хэхыныгъэ хуитыныгъэхэр зыщхьэщахахэм щыпсэу щІыпІэм щызекІуэ хабзэр къыдаІыгъыну зэрыгугъэр. «Мыхьэнэшхуэ иІэщ а унафэр зыхуэгъэзахэр къэралым жылагъуэ гъащІэм хигъэкІыну хуейуэ е абыхэм шынагъуэ гуэр ядилъагъуу къызэримылъытэр къагурыІуэным», - жиІащ абы.

Мэлыжьыхьым и 10, *махуэку*

♦Фашизмэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Зэдэлъхузэшыпхъухэм я дунейпсо махуэщ

♦1945 гъэм Иуан Хьэсэн Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къыфІащащ.

♦1964 гъэм «КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «КъБР-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ» цІэ лъапІэхэр ягъэуваш.

♦1897 гъэм къалъхуащ япэ адыгэ бзэщІэныгъэ еджагъэшхуэ **Іэщхьэмахуэ Даут**.

♦1942 гъэм къалъхуащ СССР-м щІыхь зиІэ и энергетик, Урысейм и ЕЭС-м щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и энергетик **Хьэмыкъуэ Ахьмэд**.

♦1956 гъэм къалъхуащ УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Дау Марьянэ**.

♦1958 гъэм къалъхуащ радиожурналист **Гъурф Бэлэ**.

♦1958 гъэм къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр **Лу Рэмэзан**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 5-кІэ зихъуэжынущ.

Мэлыжьыхьым и 11, *мэрем*

♦Фашист гъэрыпІэм исахэр хуит къызэращІыжам и дунейпсо махуэщ

♦Паркинсон узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦1892 гъэм къалъхуащ адыгей тхыбзэр зэхэзылъхьа **БекІухъу Ахьмэд**.

♦1931 гъэм къалъхуащ УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, журналист **КІасэ Чэмал**.

♦1936 гъэм къалъхуащ техникэ щІэныгъэмкІэ доктор, профессор, публицист, ЩІДАА-м и академик **Щоджэн Аслъэнбэч**.

♦1940 гъэм къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор **Батокъуэ Нияз**.

♦1966 гъэм къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Аслъэн Іэсият**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 9, жэщым градуси 2 - 5 щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 5-кІэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Бзылъхугъэр унагъуэм и лъынтхуэщ.

ТехникэщІэхэр къыхашэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм ехъулІэныгъэфІхэр нэгъабэ къызэрагъэлъэгъуар, къыщІагъэкІ продукцэхэм я куэдагъым зэрыхагъэхъуар куэдкІэ я фІыгъэщ техникэщІэхэмрэ обрудованэхэмрэ, тракторхэмрэ машинэхэмрэ ирикъуу зэраІам.

ЖЫПІЭНУРАМЭ, 2024 гъэм къащэхуащ трактору 128-рэ, гуэдзыр зэрыІуахыж комбайну 12, прицепхэмрэ оборудованэхэмрэ я бжыгъэхэр хэмыту. Абыхэм хохьэ лизинг ІэмалкІэ къащэхуа техникэ зэхуэмыдэу 48-рэ, абы щыщу 28-р «Росагролизинг»-м и деж къыщащтащ.

Нэгъабэ илъэсым и кІэм ирихьэлІэу республикэм иІащ трактору 5614-рэ, гуэдзыр зэрыІуахыж комбайну 606-рэ, Іусыпхъэ цІынэхэр зэрыІуахыж комбайну 161-рэ. 2025 гъэм зэрыщІидзэрэ щІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэм тракторыщІэу 25-рэ, гуэдзыр зэрыІуахыж комбайну 2 къащэхуащ.

Губгъуэ лэжьыгъэхэр ныкъусаныгъэншэу иризэфІагъэкІын папщІэ, илъэсым къриубыдэу гъэсыныпхъэу тонн мин 29,4-рэ хуэныкъуэщи, мэкъумэшыщІэхэр нэсу къызэгъэпэщащ абыкІэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Экономикэ · Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ · Жылагъуэ Iуэху

«Къыспэплъэ, сэ сынэкIуэжынщ»

Дызэрыт илъэсым зи гъащIэ гъуэгуанэр илъэси 110-рэ ирикъу Симонов Константин псоми зэрацIыхур Хэку зауэшхуэм щIидза къудейуэ итха «Къыспэплъэ» («Жди меня») усэмкIэщ. УсакIуэм и махуэшхуэр щагъэлъэпIэну щэкIуэгъуэр къэмыс щIыкIэ, Хэкум и хъумакIуэм хухаха мы гъэм Симоновым и IэдакъэщIэкI къызэрымыкIуэм и хъыбарыр дигу къэдгъэкIыжыну тфIэигъуэщ.

ГЪЭЩIЭГЪУЭНЫМ щыщIидзэр усакIуэм и цIэ-унэцIэрщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Симоновыр и адэмкIэ ермэлы лъэпкъым щыщу щытащ, ар езым и шыфэлIыфэми тыболъагъукI. ЕтIуанэрауэ, «Константин» цIэр щIалэм езым зыфIищыжауэ къыщIокI, къыфIаща Кирилл-м хэт «р»-мрэ «л»-мрэ къабзэу къызэримыпсэлъыфым, зэрыбзэгурэфым къыхэкIыу. Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтым укъыфIэкIмэ, Сталиным и цIэр зезыхьэри хэнейрэ къызэрыхуагъэфэщам къегъэлъагъуэ Симоновыр усакIуэ къызэрыгуэкIыу зэрыщымытам къыщымынэу, тетыгъуэм хуэжыIэщIэ къулыкъущIэуи зэрылэжьар. ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Секретарь нэхъыщ-хьэм и къуэдзэу лэжьам иужькIэ щIагъэкъуэншэжа унафэ куэд къищтауэ ягъэхъыбар. И анэр Оболенскэхэ джыназ лъэпкъым зэрыщыщым къыхэкIыу, Симоновым игъэунэхуащ и анэ шыпхъуищыр щIыпIэ жыжьэм зэрырашар, абыхэм ящыщу тIур лъэхъуэщым зэрилIыхьар. «Леишхуэ зэрызэрахьэр си ныбжьыщIэгъуэм си гум къинауэ щытащ», - игу къигъэкIыжащ иужькIэ усакIуэм. Аращ захуэмрэ къуаншэмрэ зэхэгъэкIыным мы тхыгъэм дыщIыщытемыгушхуэр.

1935 гъэм ЛитературэмкIэ институтыр къиуха нэужь, Симоновым и усэхэр «Молодая гвардия», «Октябрь» журналхэм къытрадзэн щIадзащ. Зауэ IэнатIэм ар щыIухьар 1939 гъэрщ, Халхин-Гол щIыпIэм деж. ГъащIэ купщIафIэ къэзыгъэщIа усакIуэр Кавказ Ищхъэрэ фронтми щыIауэ щытащ ди щIыналъэр бийм къыщыIэщIагъэкIыжа илъэсхэм.

НэгъуэщI IэдакъэщIэкI куэд дыдэ иIэ пэтми, Симоновыр цIэрыIуэ зыщIар нобэ дызытепсэлъыхь усэрщ. Ар щитхар 1941 гъэм и гъэмахуэрщ. Усэр зыхуэгъэзар СССР-м нэхъ щыцIэрыIуэу щыта «артисткэ сырыхуищым» яз Серовэ Валентинэт. «Мы усэм хъыбар щхьэхуэ иIэу щыткъым, - игу къигъэкIыжырт езы Симоновым. - Сэ зауэм сыкIуат, фIыуэ слъагъу цIыхубзыр тылым къэнати, аращ зытестхыхьар».

Усэм и сатырхэр езым и закъуэ теухуауэ къилъытэрти, Симоновым ар зыкъомрэ зыщIыпIи къыщытридзакъым. Ауэ дзэ корреспонденту зэрыщытым къыхэкIыу, сэлэтхэм я гъусэу щIытIхэм щис сыхьэтхэм, усакIуэр усэм цIыху зыбжанэм къахуеджащ, псом япэ - езыр зыгъэкIуа «Красная звезда» газетым и сурэттех Зельмэ Григорий. Ныбжьэгъум ар и блокнотым иритхэри, и лъабжьэм «Мурманск, 1941 гъэ, жэпуэгъуэм и 13» кIэщIитхэжат. А гъэ дыдэм дыгъэгъазэм и 9-м Симоновыр усэм радиом къыщеджащ. Къытрырыгъэдзэну щытегушхуэм, «На штурм» газетми езыр щылажьэ «Красная звезда»-ми ар къыхуадакъым. «Мыр дзэм теухуа газетым къытебдзэну къезэгъыркъым, - къыжриIащ усакIуэм езым и редактор нэхъыщхьэм. - Сэлэтым и гур лейуэ щIэбгъэпIейтеин щыIэкъым. Ахэр армырами гугъу йохъ». АрщхьэкIэ къратхыкIыху зэбгрыкIыурэ, цIэрыIуэ хъуа усэр икIэм-икIэжым «Правда» газет нэхъыщхьэм къытехуащ. Абы и редакторым игу иримыхьар «уэшх гъуэжьхэр» («желтые дожди») псалъэ зэпхарт. 1942 гъэм щIышылэм и 14-м газетым и 3-нэ нэкIубгъуэм къытехуа усэм напIэзыпIэм зэрыкъэралу зэлъищIысащ. Псэзэпылъхьэпlэм Iут сэлэтхэмрэ абыхэм унэм къыщIана я щхьэгъусэхэмрэ, къапэплъэ хъыджэбзхэмрэ я дежкIэ мы усэр тхьэлъэIуэм хуэдэт. Зауэр иухыу зэмани дэкIыжа нэужь, 1970 гъэхэм абы хэта хъыджэбз гуэрым усакIуэм къыхуитхат: «ПщIэрэ уи усэр къызэрытщыхъуу щытар? УхэмыкIуэдэн папщIэ, «Ди Тхьэ, сыкъегъэл» жыпIэн хуейтэкъэ? Дэ Тхьэри ди фIэщ хъуртэкъым, дызэрелъэIун щIыкIэри тщIэртэкъым. Арати, уи усэр апхуэдэ тхьэлъэIуэм и пIэ идгъэувауэ щытащ».

«УамыукIын папщIэ, шэтемыгъахуэ папщIэу фIыуэ плъагъум и сурэтыр къыздепхьэкIын хуейуэ къэдгупсысат, - игу къигъэкIыжырт нэгъуэщI зыгуэрым. - Апхуэдэ «сурэт шэтемыгъахуэхэр» уи бгъэгущIалъэм илъу къепхьэкIын хуейт. Симоновым и усэ «Къыспэплъэ» жыхуиIэми апхуэдэ къару иIэу дгъэуват. Ауэ абы укъихъумэн папщIэ, Iэмал имыIэу, уэ езым уи IэкIэ къиптхыкIын хуейт».

Дохутыру госпиталым щылэжьа цIыхубзым игу къигъэкIыжырт уIэгъэ хъуа сэлэтхэм я узыр щыятэхэм деж, а усэр гукIэ къабжу зэрыщытар.

1943 гъэм «Жди меня» цIэр зэрихьэу фильм щхьэхуэ ягъэуващ, нэгъуэщI теплъэгъуэ зыбжанэми хагъэхьат макъамэ зыщIалъхьа усэм и сатырхэр. Телъыджэ дыдэщ бзэ куэдкIэ зэрадзэкIа мы усэр нэмыцэ сэлэтхэм нэмыцэбзэкIэ зэрахьэу щытауэ зэрагъэхъыбарри.

Дунейр шэрхъщи мэкIэрахъуэ. Нобэ цIыху дапщэм я къуэхэр, я щхьэгъусэхэр, я дэлъхухэр, фIыуэ ялъагъухэр щыIэ дзэ Iуэху хэхам? Къыпэплъэ гуэрым зыхуэзыхъумэж цIыхум и лъэр нэхъ быдэу щIым зэрытетыр зыми и дежкIэ щэхукъым. Аращ дэри Симоновым и усэр адыгэбзэм къыдгъэзэгъэным дытезыгъэгушхуар. Едзыгъуибгъум щыщу зыри дэдгъэхуакъым, ауэ чыристанхэм цIыхум щыхуэщыгъуэм деж шагъыр зэрырафым теухуа пычыгъуэр «махъсымэ гуащIэкIэ» зэтхъуэкIащ. Адрейхэр зэрыхъукIэ урысыбзэм пэгъунэгъуу къэдгъэнэну дыхэтащ.

Къыспэплъэ, сэ сынэкIуэжынщ.
Къэспэплъэ уи фIэщыпэу,
Уэшх гъуэжьхэм уи гур хагъэщIыху,
Къыспэплъэ, умыдзыхэу.
Къыспэплъэ, уэсыр щыетам,
Хуабаем къыщызэжьэ,
Адрейхэр гум щрагъэхуам,
МахуитI ямыгъэпэжу.
Къыспэплъэ, си тхыгъэ хъыбар
НыпIэрымыхьэу щытми,
Пэплъэныр зэрауэжгъуар
Псоми я нэгум итми.

Къыспэплъэ, сэ сынэкIуэжынщ.
ХъуэхъуфIкIэ упемыжьэ
Зыпэплъэр гум щридзыжын
Чэзур къэсауэ зыбжым.
Си къуэми си анэми я фIэщ
Ирехъу сыщымыIэжу,
Ныбжьэгъухэм сыщрагъупщэж,
Къысхуэщыгъуэну пIащIэу.
Махъсымэ гуащIэм ирeIуб,
Я гум сыкъагъэкIыжу.
Къыспэплъэ. Ахэм задумыщI.
Уэ щыт нэхъ тэмакъкIыхьу.

Къыспэплъэ, сэ сынэкIуэжынщ,
Сыхурикъунщ ажалым.
Къыспэмыплъам жиIэнкIи хъунщ:
«И кIэн къикIащ а щIалэм!»
Дэнэ щищIэн емыжьэфам
Зауэ лыгъейм и мафIэм
Уэ сыкъызэрыIэщIэпхар,
УкъызэрыспэплъамкIэ.
Псэууэ сыкъыщIелар дрелъ
Дэ ди зэхуакум щэхуу.
ПэплъэкIэ пщIэуэ аркъудейт,
Зыри къыппэмылъэщу.

КъызыхэкIа лъэпкъым елъытауэ

Къэрал Думэм гъатхэпэм и 25-м иригъэкIуэкIа и зэхуэсым Хэкум къэIэпхъуэжын Iуэхур апхуэдэ гукъыдэж зиIэхэм нэхъ псынщIэ щащIын мурадкIэ жэрдэмыщIэ къыщыхалъхьащ. «О репатриации» («Къэралым къэгъэзэжыным теухуауэ») хабзэщIэм и проектыр Думэм и пащхьэ кърихьащ СНГ-м хиубыдэ къэралхэм я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIым и япэ къуэдзэ, депутат Затулин Константин.

ЗИ гугъу тщIы хабзэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн хуейуэ къыщIалъыта щхьэусыгъуэхэр зыбжанэ мэхъу. Ауэ нэхъ наIуэу утыкум илъыр Азие Курытым цIыху бжыгъэшхуэ къызэрикIырщ, ауэ щыхъукIэ, езы Урысейм и цIыхуу къилъытапхъэхэм хабзэм иукъуэдий Iэмалыншагъэхэр къатохьэлъэ. А щытыкIэм ипкъ иткIэ, хабзэм зи хьэтыр нэхъ илъагъупхъэ «репатриантхэм» яхудичыхыу, нэхъ зыхуэсакъхэм я гъуэгур зэпеупщI.

Затулиным къыхилъхьа жэрдэмыщIэм дэри фIым дыщегъэгугъ, сыту жыпIэмэ, иджы «репатриант» зыфIащу тыншу къагъэкIуэжынухэм адыгэхэри храгъэубыдэну гугъэ щыIэщ. ХабзэщIэмкIэ Урысейм къэIэпхъуэжыну хуит ящIынущ къэралыр «зи къежьапIэ лъэпкъ» («коренной народ») лIэужьыгъуэм хиубыдэ псори. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Урысейр зи адэжь щIыналъэ цIыхур къэIэпхъуэжыну хуит хъун папщIэ, езыр къызыхэкIа лъэпкъым зэрыщыщым и щыхьэт къигъэувмэ, зэфIэкIащ.

Сыт е хэт щыхьэту къэбгъэувынур уи адэ-анэр е адэшхуэ-анэшхуэр «тхыдэкIэ Урысейм щыщ щIыпIэм зэрепхамкIэ»? КъэкIуэжыну зи мурадым езыр е ар къызытехъукIахэр Урысей Федерацэм хиубыдэ щIыпIэм къызэрыщалъхуар къэралым и фIэщ зэрищIынур дауэ? Затулиным гурыIуэгъуэу къелъытэ илъэс пщIы бжыгъэ, уеблэмэ щэ зыбжанэ (адыгэхэм ятепщIыхьмэ) зэрыдэкIам къыхэкIыу, апхуэдэ дэфтэр къэгъуэтыгъуей зэрыхъунур. ХабзэщIэмкIэ «къэзыгъэзэжым» зыщыщ лъэпкъыр къигъэлъагъуэмэ, зэфIэкIащ. Проектым генетикэ къэхутэныгъэр щыхьэту къэбгъэув хъуну къелъытэ. ГенетикэмкIэ IэщIагъэлIым иригъэкIуэкI ДНК-тестым шэчыншэу къыбжиIэфынущ къэралым къэIэпхъуэну хуей цIыхур къызыхэкIа лъэпкъыр.

ЩIэх-щIэхыурэ зэхъуэкIыныгъэ зыхалъхьэ мы хабзэм Къэрал Думэм щытопсэлъыхь 2006 гъэм щегъэжьауэ. Абы щыгъуэм зэхалъхьауэ щыта, «Езым я гукъыдэжкIэ Урысейм къэIэпхъуэжыну зи мурадхэм» зэрызыщIагъакъуэ программэр зыхуэгъэпсауэ щытар СССР-р зэпкърыхуа нэужь, СНГ-м хиубыдэ къэралхэм къыщыхутахэрт. А хабзэм 2024 гъэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ халъхьауэ щытащ Президент Путин Владимир и унафэкIэ. Абы лъандэрэ «къэзыгъэзэж» е «репатриант» фIэщыгъэм хиубыдэу къалъытэр лIэужьыгъуиплI къудейт. Япэр - СССР-м и цIыхуу щытауэ, РСФСР-м къыщалъхуа- щыпсэуахэрт. ЕтIуанэр - РСФСР-м, СССР-м е «нобэрей Урысей Федерацэм и гъунапкъэм хиубыдэ» Урысей империем щыпсэуа лъэпкъым щыщ адэжь зиIэхэрт. (Затулиным апхуэдэхэм адыгэхэр зэрыхиубыдэр къыхигъэщауэ щытащ абы щыгъуэм - Ч.М.). Ещанэ лIэужьыгъуэр - Урысей Федерацэм иIэпхъукIыу иужькIэ щIегъуэжахэрт. ЕплIанэр - УФ-м и цIыхухэу «ныбжьэгъуу щымыт хамэ къэралхэм 2024 гъэм мазаем и 24-м хъуху щыпсэуауэ, апхуэдэ хуитыныгъэ яфIэкIуэда нэужь, Урысейм къэзыгъэзэжахэрт». А лIэужьыгъуиплIым хиубыдэ «къэзыгъэзэжхэм» урысыбзэ зэращIэр къэрал органхэм я фIэщ ящIыну я къалэнтэкъым.

Мы дызытепсэлъыхь хабзэщIэм ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа хабзитIыми зэхъуэкIыныгъэшхуэ яхелъхьэ, япэрауэ. ЕтIуанэрауэ, къэгъэзэжын Iуэхур нэхъ псынщIэ ещI. Проектыр къащтэмэ, гурыIуэгъуэ хъунущ Урысейм къэIэпхъуэжын хуитыныгъэр хуиту зыIэрыхьэнухэр. ЗэрыжытIауэ, ар зи адэжьхэр УФ-м иубыд щIыпIэм щыщхэрщ. Затулиным къыхилъхьа проектыр щызэпкърих дэфтэр щхьэхуэм къыщыхегъэщ къигъэзэжын гукъыдэж зыщIа цIыхур Урысейм «щIыкIэ» епхауэ зэрыщытыпхъэр. Ауэ тхылъ щыхьэт зэрамыгъуэтыжынум къыхэкIыу, зи лъабжьэр Урысейм къыщежьэ лъэпкъым зэрыщыщыр къэзыгъэнаIуэм «лъыкIэ щыхьэт» (генетикэ экспертизэ) къигъэув хъунущ.

«ЦIыхур зыщыщ лъэпкъыр паспортым имыту къыщIэкIми, ар нэгъуэщI дэфтэрхэм иратхауэ къыщыщIэкIи щыIэщ, генетикэ къэпщытэныгъэри апхуэдэ щыхьэтхэм язщ», - жиIащ Затулиным. «Зи лъабжьэр Урысейм къыщежьэ лъэпкъхэм» хиубыдэхэр Правительствэм къигъэлъэгъуэнущ. Урысхэм, украинхэм, белорусхэм нэмыщI, Затулиным «репатриантхэм» яхэбжэн хуейуэ къелъытэ: 1) УФ-м хиубыдэу лъэпкъ-щIыналъэ щхьэхуэ зиIэхэм щыщхэр. 2) Зи бжыгъэр мащIэу Урысеймрэ Дагъыстэнымрэ зи лъабжьэр къыщежьэ лъэпкъ цIыкIухэр. 3) ТхыдэкIэ Урысейм щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэр.

Ауэ иджы къэIэпхъуэхэм урысыбзэр унагъуэмрэ щэнхабзэмрэ къыщагъэсэбэпыфын хуэдизкIэ ящIэн хуейуэ ягъэув. КъинэмыщIауэ, къэIэпхъуэжыну хуит ящIынукъым терроризмэм епха Iуэхугъуэхэм хэпщIауэ щытахэм.

Гу зылъытапхъэ: 2024 гъэм къриубыдэу, «Хэкум къэгъэзэжынымкIэ программэр» къэзыгъэсэбэпам я бжыгъэр зэрыхъур 14 къудейщ.

Къуажэ ипотекэм фIыуэ хэлъыр

Иужьрей илъэсхэм къуажэдэсхэр яфIэфIу зыхыхьэ, худэчых зыхэт къуажэ ипотекэм Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, кредитым и процент ставкэр, илъэс пIалъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, 3-м щIигъуркъым, илъэс 25-рэ хуэдиз пIалъэкIэ ят икIи сом мелуанихым нэблагъэ къеIыпх хъунущ.

А ИПОТЕКЭ лIэужьыгъуэр къэпщтэн щхьэкIэ абы халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр псом япэу зыхуэгъэпсар къуажэхэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр а щIыпIэхэм къешэлIэнырщ, ауэ ар зэрызрагъэхъулIа хъуну щIыкIэм ныкъусаныгъэхэр халъагъуэ хэзыщIыкIхэм. Псалъэм къыдэкIуэу, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ, ФинансхэмкIэ и министерствэхэм ягъэхьэзыра дэфтэрым къызэрыхэщымкIэ, кредитыр зратынур псэупIэр къуажэм къыщызыщэхуну е ар щызыухуэну мурад зиIэрщ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, 2024 гъэм къриубыдэу, УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, къуажэ ипотекэм хуэдэу мин 24-рэ къэралым щатащ, псори зэхэту сом меларди 120-рэ я уасэу. А бжыгъэхэр проценти 3-рэ, процент 42-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсхэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу. Апхуэдэу щытми, нэгъабэ и етIуанэ илъэс ныкъуэм банкхэм къуажэ ипотекэр тын щагъэтауэ щытащ, щIэупщIэр зэрыкуэдымрэ къэралым къиутIыпща ахъшэр зэрахуримыкъуамрэ къыхэкIыу.

Иджы министерствэхэм зэбграгъэха дэфтэрым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 2025 гъэм гъатхэпэм и 28-м щегъэжьауэ къуажэ ипотекэр зратыну зыхуэфащэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ ящIынущ. Япэм щыгъуэ, ар къыIах хъуну щытащ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ илъэс 75-рэ хъухэм, абы нэмыщI, иужьрей мазищым зы лэжьапIэ IэнатIэ зэрыIутым щыхьэт техъуэ тхылъхэр иIэу щытмэ.

ХабзэщIэмкIэ къуажэ ипотекэр къеIызыхыну банкым лъэIу щIэзылъхьэм и лэжьыгъэр мэкъумэш IэнатIэм пыщIауэ икIи иужьрей илъэситхум абы щылажьэу щытын хуейщ. Апхуэдэуи а кредитыр къащтэ хъунущ къуажэхэм дэт, социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэм: сымаджэщхэм, курыт еджапIэхэм, сабий садхэм, щIыпIэ администрацэхэм, ветеринар участкэхэм, н. къ. щылажьэхэмэ е щIыналъэхэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ я министерствэхэм, Росрыболовствэм, Россельхознадзорым я IуэхущIапIэхэм епхахэмэ. Кредитыр иратынущ мэкъумэш унейIуэхущIапIэхэм, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ.

Гу лъытапхъэщ къуажэ ипотекэр къэзыщтам и лэжьыгъэр зыгуэркIэ ихъуэжу щытмэ, банкым апхуэдэм мазих пIалъэ ирет нэгъуэщI IэнатIэ къигъуэтыну, ауэ ари а кредит зэрат щIыкIэм хуэкIуэу щытын хуейщ. Абы нэмыщI, кредитыр къащта нэужь, япэ илъэситхум къриубыдэу илъэс ныкъуэ къэс банкхэм хъыбар ирагъэщIэнущ, я лэжьапIэр зэрамыхъуэжамкIэ. ЗыгуэркIэ ар ямыгъэзащIэу щытмэ, процент ставкэм хагъэхъуэнущ. Апхуэдэ хабзэр лэжьэнущ 2025 гъэм и кIэм нэсыху, ауэ езы къуажэ ипотекэр зэратынум ехьэлIауэ пIалъэ пыухыкIа щыIэкъым.

ХэзыщIыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, къуажэ ипотекэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм мэкъумэшыщIэхэр арэзы къищIыркъым. Абыхэм къызэралъытэмкIэ, къуажэм псэупIэ къыщыпщэхуакIэ Iуэхур зэфIэкIыркъым. Сыту жыпIэмэ, банкым и щIыхуэ птелъу, лэжьыгъэ IэнатIэ ебгъэжьэну гугъу хъунущ, псом хуэмыдэу унагъуэщIэхэм я дежкIэ. Абыхэм иджыри я сабийхэр зыхуей хуагъэзэн: ирагъэджэн, яхуэпэн, ягъэшхэн хуейщ.

Гугъуехьхэм щыщщ зыгуэр зэпщIэжын зыхуэмей псэупIэ зэпэщ а кредит ахъшэмкIэ къызэрыпхуэмы-щэхунур. УнэщIэ къебгъэжьэным мылъку нэхъыбэ текIуэдэнущ. Къебгъажьэу щытми, ар зэфIэкIыху ущыпсэун щыпIэ ухуэныкъуэнущ, ари ахъшэ и уасэщ.

Мыдрейуэ, мэкъумэш IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, къуажэм и инфраструктурэм дапхуэдэу зимыу-жьауэ щытми, школхэр, сабий садхэр, сымаджэщхэр, нэгузегъэужыпIэхэр щымыIами, абы щыпсэуну гукъыдэж зиIэу мащIэщ щIалэгъуалэм яхэтыр. Апхуэдэхэр къахэкIыу щытми, нэхъыбэр Iэмалыншагъэкlэ къыдэнэу аращ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЛIэщIыгъуэхэм ящIэж

Налшык къалэм дэт Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ Хэку зауэшхуэм и тхыдэм теухуа тхылъ гъэщIэгъуэн къыщыдэкIащ. «БлэкIа лIэщIыгъуэхэм я фэеплъ» («Память ушедшего века») зи фIэщыгъэр Зауэ щIэныгъэмкIэ академием и жыауэм щIэту дунейм къытехьащ.

ТХЫДЭ зэужьыр гъэхьэзырынымкIэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкIар Фрунзе Михаил и цIэр зезыхьэ, Урысей дзэм и Унэ Нэхъыщхьэм и Зауэ-щIэныгъэ хасэм хэт щIэныгъэлI гупырщ. Апхуэдэу тхылъым елэжьащ зэгухьэныгъэм и унафэщI, зауэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Лобов Владимир, зэгухьэныгъэм и щIэныгъэ секретарь, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Карманов Александр, зэгухьэныгъэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Маслюк Владимир, зэгухьэныгъэм и унафэщIым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ, социологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Першуткин Сергей сымэ. ЩIэныгъэлI гупым утыку кърахьа лэжьыгъэр Хэку зауэшхуэр илъэс 80 зэрырикъум ирырагъэхьэлIащ, а тхыдэ хъугъэщIагъэм иджырей щIэблэм дежкIэ иIэ мыхьэнэми щIэрыщIэу хэплъэжащ.

Тхылъыр тедзэным хуэзыгъэхьэзыра, Зауэ щIэныгъэхэмкIэ академием и академик генерал-майор Карманов Александр зэритхымкIэ, ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм тхыдэ щIэныгъэр иджыри къыздэсым зыхунэмыса Iуэхугъуэ куэд къыхрагъэубыдащ. «Къэхутэныгъэ лэжьыгъэм хэлъ фIагъхэм ящыщщ зы Iуэхум нэхъыбэрэ уелэжьыху, абы хэлъ щапхъэхэр зэпкърыпхыху, зэи узримыхьэлIа, зыхуей хуэзэу джа мыхъуа е тегъэщIапIэхэр хуримыкъуу ныкъуэхутэу къэна куэд зэбгъэзэхуэжыну Iэмал къызэрыуитыр. Дэ дызыхэплъэжар дунейм къытехьа тхыдэ лэжьыгъэхэм я закъуэкъым, атIэ архивым хэлъу зэи щIэныгъэ шыбзэм щIамыгъэкIа дэфтэрхэр къэтIэтащ, тхылъымпIэ куэд хъумапIэхэм къыщыдгъуэтащ. IэщэкIэ зэщIэуззэда ди дзэхэмрэ цIыхубэмрэ ТекIуэныгъэ Иныр къахьыным халъхьа къарум хэкIыпIэ хуэхъуам и дэтхэнэ теплъэгъуэми дэркIэ мыхьэнэшхуэ иIащ - зэуапIэм лъэныкъуитIыр зэрыщызэпэщIэтами, партизан зэщIэхъееныгъэм зэрызиужьами, зауэ щIыбым цIыхубэр зэрыщызэкъуэувами. Дэтхэнэ IэнатIэми зы купщIэщ иIар - ТекIуэныгъэр гъунэгъу къэщIынырщ. Жэщ-махуэ ямыIэу зэрыкъэралу бийм пэщIэтащ, апхуэдэ шыIагъэрэ лъэкIыныгъэрэ зыхэзылъхьа нэгъуэщI лъэпкъ дунейм тетуи къыщIэкIынукъым. ДинкIи, бзэкIи, хабзэкIи, гупсысэкIэкIи зэщхьэщыкI, лъэпкъыбэу зэхэт совет жылагъуэм зэщхьу зы яIэт - къащIэхъуэ щIэблэр мамыру щыпсэун дуней хуейт, зыхуэпсэури зыхущыIэри арат. Апхуэдэ Iуэхугъуэм сыт хуэдизрэ къыхуумыгъэзэжми, кIэ иIэкъым, зэпымычу гъэщIэгъуэн гуэрхэр къыкъуокI, ахэр утыку къилъхьэн, цIыхухэм ялъэгъэIэсыжын хуейуэ. Дэри аращ гуращэу диIар», - щыжеIэ Карманов Александр зэужьым и пэублэ псалъэм.

«БлэкIа лIэщIыгъуэхэм я щIэж» зэужьым къызэщIеубыдэ илъэсиплIым и кIуэцIкIэ зэуапIэм къыщекIуэкIа Iуэхугъуэ куэди. Апхуэдэу тхылъыр щIэзыдджыкIынум къилъэгъунущ зауэ операцэхэр убзыхунымкIэ дзэ унафэщIхэм я Ставкэм къищта унафэ зэмылIэужьыгъуэхэм яIа мыхьэнэр, щIыналъэхэр хуит къэщIыжынымкIэ дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми зэрызиубгъуу щыта щIыкIэр, щызэпэщIэувэ зэуэгъуэм деж зэпэщIэт лъэныкъуитIыр хуэхьэзыру зэрыщытар, нэгъуэщI куэди.

Псори зэхэту зэужьым тхыгъэ 20 ихуащ. Абыхэм ящыщу зыбжанэм щIэныгъэ мыхьэнэ яIэщ. Ахэр топсэлъыхь Хыдзэм, Кхъухьлъатэдзэм, зауэ щIыбым, шуудзэм, хъыбарегъащIэ зэпыщIэныгъэхэм, дзэр мылъкукIэ къызэгъэпэщыным, тIасхъэ щIэхыным, партизан зэщIэхъееныгъэм епха Iуэхугъуэ куэдым. КъищынэмыщIауэ, щIэрыщIэу хэплъэжащ, тегъэщIапIэ лъэщхэри хуащIыжащ Хэку зауэшхуэм и кIуэцIкIэ къыщыхъуауэ щIэныгъэр зыщыгъуазэ Iуэхугъуэ зыбжанэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Берлин къэщтэным совет танкхэр зэрыхэта щIыкIэр», «ТIуапсэ къалэр хъумэнымкIэ 1942 гъэм екIуэкIа зауэр», «Биидзэр зэхэкъутэнымкIэ 1944 гъэм къриубыдэу Сталин къищта унафипщIыр», нэгъуэщIхэри.

Тхылъыр зи мылъкукIэ къыдэкIа, Мэзкуу щыпсэу хьэрычэтыщI, тхыдэдж Атэлыкъ Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, дэтхэнэ цIыхури и гъащIэм къриубыдэу зэ зэплъэкIыжын хуейщ, къызэпича гъуэгуанэр зыхуэдэмрэ абы зыхуишамрэ зэпишэчыжын щхьэкIэ. «Ди блэкIар къэкIуэнум зэрепхар нобэм наIуэу къегъэлъагъуэ. Дыгъуасэм хуэдэм пщIэращ пщэдейр къызэрыппэджэжыр. Арыххэуи, тхыдэр дерсу къыщIэтлъытэм и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэ мэхъу. ДыщIызэплъэкIыжыр екIуэкIар дуэзэщIыжын е абы къыщыхъуа мыщхьэпэр къэдмыгъэхъун щхьэкIэщ. ЩIэныгъэлI гупым ди пащхьэ кърапхъха зэужьыр апхуэдэ лэжьыгъэщ. Абы зы тхыгъэ фIэкIа имытами, и уасэр къызэрымыкIуэу ин хъунт, апхуэдизкIэ гурыIуэгъуэу икIи щIэщыгъуэу Хэку зауэшхуэм и тхыдэм дыхурегъэплъэкIыжри. Ди щIэблэм ящIэн хуейуэ къэтлъытэ тхыдэм, ар хэти гуапэ щрехъу, хэти жагъуэу кърелъытэ, хацIыхукIыр къызэрымыкIуэу мащIэщ. Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ а лэжьыгъэм щыщIагъэ имыгъуэтами, зэдгъэзэхуэжыныр ди хьэкъщ, щхьэж хузэфIэкI хилъхьэныр нэхъыжьхэм ди пщэрылъщ. Зэужьыр абы телэжьэну дыщогугъ», - жиIащ Атэлыкъ Аслъэн.

Дунейм къытехьа тхылъыр и бжыгъэкIэ 500 фIэкIа хъуркъым. Ар щIэх дыдэ зэрызэбгрыкIынум, гъуэтыгъуей зэрыхъунум шэч хэлъкъым, ауэ сыту фIы хъунт тхылъыр ди щIыналъэм и библиотекэхэм ялъэIэсатэмэ, абдеж хуейм къыщищтэрэ итым зыщигъэгъуэзэн хуэдэу... Дунейм къытехьа тхылъыр гъуэгу махуэ теувэну ди гуапэщ.

Тхыгъэри сурэтри **ШУРДЫМ Динэ** *ейщ.*



Ди газетыр - зауэ зэманым

Ди газетым и тхыдэм дыщытепсэлъыхькIэ, пщIэлей пылъу и гугъу дощI ар Хэку зауэшхуэм и зэманми къыдэкIыу зэрыщытам. А лъэхъэнэм абы зэрихьэу щытар «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» фIэщыгъэрщ, бзищкIэ къыдэкIыу щытащ. ТекIуэныгъэр илъэс 80 щрикъу мы илъэсым абыхэм уахэплъэжыным и мыхьэнэр ин дыдэщ, узрихьэлIэ тхыгъэхэри тщIэну щхьэпэм къыщымынэу, гум щытхъумэну ди къалэнщ.

ГАЗЕТЫМ къытрадзахэм дынэсын ипэ, езы «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетыр нэмыцэхэм яубыда республикэм къызэрыщыдэкIыну щIыкIэм епхауэ партым и унафэм дрихьэлIащ. «ПIалъэкIэ яубыда КъБАССР-м и районхэм папщIэ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетыр къыдэгъэкIа зэрыхъунум теухуа, ВКП(б)-м и зэIущIэм и протокол №166-м щыщ» - аращ зэреджэр 1942 гъэм фокIадэм и 27-м екIуэкIа зэхуэсым тепсэлъыхьыж дэфтэрым. Тхыгъэр КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и партархивым къыхахащ:

1. «ПIалъэкIэ яубыда Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ районхэм папщIэ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетыр тхьэмахуэм зэ урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ къыдэгъэкIын.

2. Газетыр къыдэгъэкIыныр редактор нэхъыщхьэхэм къалэн ящыщIын.

3. Газетхэм я тиражыр мыпхуэдэ бжыгъэм тету къыдэгъэкIын:
- урысыбзэкIэ - 1000,
- адыгэбзэкIэ - 1500-рэ,
- балъкъэрыбзэкIэ - 100».

Газетым къытехуа тхыгъэхэм ящыщу ди нэ къыфIэнахэм язщ район щхьэхуэхэм зауэ IэнатIэм Iут сэлэтхэм тыгъэ зэрыхуагъэхьам епха хъыбархэр. Псалъэм папщIэ, къыдэкIыгъуэхэм я зым щыгъуазэ дещI Тэрч районым щыщхэм фронтым щыIэ сэлэтхэм хурагъэша хьэпшыпхэр зыхуэдэм: «ТыгъэфIхэр хуагъэхьэзыращ Тэрч районым ис колхозникхэм Дзэ Плъыжьым хэтхэм. Орджоникидзе и цIэр зезыхьэ колхозым щызэхуахьэсащ лыуэ килограмм 50, джэд 45-рэ, тхъуцIынэ килограмм 15, джэдыкIэ 360-рэ, хадэхэкI килограмми 100, аркъэ литр 37-рэ, тутын пачкэ 24-рэ, пыIи 5, Iэлъэрэ лъэпэду 80, бэлътокурэ чысэу 120-рэ, зэрызаупс Iэмэпсымэу 6.

Районыр зэрыщыту къапщтэмэ, абы щызэхуахьэсауэ ирагъэшэну загъэхьэзыр лыуэ килограмм 320-рэ, джэди 100, джэдыкIэ 700, тхъуцIынэ килограмм 50, кхъуейуэ килограмм 32-рэ, аркъэ литри 102-рэ, варенэу килограмми 152-рэ, бжьынрэ бжьыныхуу килограмм 60, хадэхэкIыу килограмм 356-рэ, тутын пачкэ 48-рэ, сабын Iыхьи 120-рэ, пыIи 10, Iэлъэрэ лъэпэду 330-рэ, чыси 110-рэ».

А тхыгъэ дыдэм къыщрабжэкI Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэм ягъэхьэзыра тыгъэхэри. Дзэ Плъыжьыр а зэманым илъэс 36-рэ ирикъурти, цIыхубэр абыкIэ ехъуэхъуу арат. Тхыгъэр къытехуауэ щытащ 1944 гъэм мазаем и 15-м къыдэкIа газетым.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.** .

● Дызэкъуэту

ЛентIыр зэIэпах

Бахъсэн къалэм щыпащащ «Эстафета памяти» урысейпсо Iуэхум. Хабзэ зэрыхъуауэ, Георгий и лентIыр республикэм и щIыналъэхэм щызэIэпахыныр ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм и пэ къихуэу гъэ къэси къызэрагъэпэщ.

«ЩIЫХЬЫМ и мыужьых мафIэ» фэеплъым деж щызэхуэсат Бахъсэн къалэм и администрацэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэр, курыт еджапIэхэм, Сабий творчествэмкIэ центрым я еджакIуэхэр, Жылагъуэ палатэм, Ветеранхэм я советым я лIыкIуэхэр, волонтёрхэр, армеец ныбжьыщIэхэр, «Пэрытхэр» зэгухьэныгъэм щыщхэр, мэкъумэш колледжым и студентхэр.

Зэхуэсахэм зыхуагъэзащ Бахъсэн къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Зеущэ Хьэмид, Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Абазэ Хъусен, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Гугъуэт Астемыр. Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ Георгий и лентIыр совет цIыхубэм я зауэлI щIыхьым, лIыгъэм, лIыхъужьыгъэм я дамыгъэу зэрыщытыр икIи къызэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ Хэку зауэшхуэ зэманым зэрахьа лIыгъэмрэ ТекIуэныгъэм щIата уасэмрэ зыхуэдэр. КъищынэмыщIауэ, Зеущэ Хьэмидрэ Абазэ Хъусенрэ тепсэлъыхьащ ди зэманым и лIыхъужьхэм - дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIэ Хэкум и хъумакIуэхэм.

Къызэхуэсахэр, хабзэ зэрыхъуауэ, зауэжьым хэкIуэдахэм зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ. Зэхыхьэм зыкъыщигъэлъэгъуащ Сабий творчествэмкIэ центрым и «Созвездие» ансамблым.

Армеец ныбжьыщIэхэмрэ волонтёрхэмрэ метр 80 зи кIыхьагъ дарий щэкIыр - Георгий и лентIыр - яIыгъыу Бахъсэн къалэм Ленинымрэ цIэр зезыхьэ и уэрам нэхъыщхьэм мэлыжьыхьым и 4-м ирикIуа нэужь, «ЩIыхьым и мыужьых мафIэ» фэеплъым деж екIуалIэри, абдеж щратащ Дзэлыкъуэ районым и лIыкIуэхэм.

- Мы зэхыхьэр зытеухуар цIыхур къызэригъэщIрэ нэхъ зауэ шынагъуэ дыдэхэм ящыщ хъуа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къыщыхьыным ди къэралым щIита уасэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ щIэблэм ящIэнырщ, - жиIащ Бахъсэн къалэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Къардэн ФатIимэ. - ТекIуэныгъэм зи псэ щIэзыту хэкIуэда, мамырыгъэ къытхуэзыхьа лIыхъужьхэр дэркIэ уахътыншэщ!

КъыкIэлъыкIуэу, мэлыжьыхьым и 5-м, Дзэлыкъуэкъуажэ, Хэкум и хъумакIуэхэм я утым деж, Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ зэрыхъу илъэс бжыгъэм хуэдиз метр зи кIыхьагъ Георгий и лентIыр щаукъуэдиящ. А Iуэхум хэтащ щIыналъэм и унафэщIхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, ветеранхэр, жылагъуэр, щIалэгъуалэр. Дзэлыкъуэ щIыналъэм и армеец ныбжьыщIэхэм Георгий и лентIыр яIыгъыу районым и уэрам нэхъыщхьэм ирикIуэри, Кировым и фэеплъым деж ар Прохладнэм и лIыкIуэхэм щратащ.

«Уахътыншэ полкым» хуэдэу, мы Iуэхуми цIыхухэр зэкъуегъэувэ. Прохладнэ щIыналъэм мы Iуэхум иращIэкIа зэхыхьэм ныбжьыщIэхэр Хэку зауэшхуэм теухуа усэхэм къыщеджащ, уэрэдхэр щыжаIащ.

Накъыгъэм и 9 пщIондэ Георгий и лентIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ, район псоми чэзууэ щызэIэпахынущ. ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм ар Налшык къалэм къахьыжынущ.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

● Щэнхабзэ

Зэныбжьэгъугъэм зрагъэубгъу

Ди щIыналъэм щыпащэ «Кунацкая» теленэтын цIэрыIуэм. Ар теухуащ лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, щэнхабзэ лъапIэныгъэхэмрэ хабзэхэмрэ хъумэным, абыхэм иджырей щIэблэр щIэпIыкIыным.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, «Регион для молодых» программэм хыхьэу «Кунацкая» Iуэху щхьэпэр ирагъэжьащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ. Щэнхабзэ фестивалыр илъэс зыбжанэ хъуауэ йокIуэкI, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэр, щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, «КъБР-Медиа» IуэхущIапIэр, «1 КъБР» щIыпIэ телеканалыр зэдэIэпыкъуу зэращIым и фIыгъэкIэ.

Мы Iуэхум хэтхэр къуажэкъуажэкIэрэ зэкIэлъыкIуэурэ я зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэ, лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ ягъэхьэщIэ, саугъэтхэр зэIэпах. Апхуэдэ зэхыхьэхэм хуагъэхьэзыр уэрэдхэр, къафэхэр, театр теплъэгъуэхэр. ЩIэщыгъуэщ, дауи, зыщыщ лъэпкъкIи, зэрыт ныбжькIи, хабзэкIи, бзэкIи, динкIи, фэилъхьэгъуэкIи зэщхьэщыкI цIыхухэр гъунэгъу зэрызэхуэхъум укIэлъыплъыну. А псор зэхэухуэнауэ теленэтыну къатыжри, цIыхухэр дихьэхыу йоплъ.

Теленэтыныр езыгъэкIуэкI уэрэджыIакIуэ, режиссёр, уэрэдус Къул Амир зэрыжиIэмкIэ, Iуэхум хэт къуажэхэм я бжыгъэм мы гъэм къахэхъуащ. Ар щрагъэжьам къуажих хэтауэ аращ, нэгъабэрейм - къуажий. Мы гъэм къуажипщI къызэщIрагъэубыдэнущ.

Нэтынхэр Бахъсэн щIыналъэм и Ислъэмей, Котляревскэ къуажэхэм щекIуэкIащ. Абы Хъущтэ-Сырт, Псынабэ, Аушыджэр къуажэхэм щыпащэну я мурадщ. Бжьыхьэм нэтынхэр щытрахынущ Приближнэ станицэм, Акъбащ Ипщэ къуажэм, Налшык къалэм. Иужьрей нэтыным хэтынущ ветеранхэм я хорымрэ «Ричадэ» студиемрэ. Ар щекIуэкIынущ ЩIалэгъуалэм я унэщIэм.

КъыжыIапхъэщ, «Кунацкая» Iуэхур республикэм и артист цIэрыIуэхэу Зеущэ Iэуес, Третьяк Татьянэ, Мэзыхьэ Анастасие, Теппеев Алим, Тебердиевэ Зухра, нэгъуэщIхэми зэрыдаIыгъар. Абы ирагъэблэгъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор, егъэджакIуэ Iэзэ ЗэрамыщIэ Заретэ, уэрэджыIакIуэ Стягайло Антон, Дей къуажэм и «Дея» уэрэджыIакIуэ гупыр, Ново-Ивановкэ къуажэм и «Селяночка» гупыр, нэгъуэщIхэри. КъищынэмыщIауэ, дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIа щIалэхэри я гуапэу ирагъэблагъэ.

Iуэхум хэтхэр зэныбжьэгъугъэм и хабзэм щагъэгъуазэ, берычэтымрэ хэхъуэмрэ я дамыгъэ жыгыщIэр тыгъэ хуащI. Мыпхуэдэ зэхыхьэхэм хэтахэр ныбжьэгъу зэрогъэхъури, я зэпыщIэныгъэр ягъэбыдэ, зым и деж адрейр хьэщIапIэ макIуэ, щыIэкIэ-псэукIэм теухуауэ зочэнджэщ. Апхуэдэурэ махуэ къэс къыхохъуэ я гупым хэтхэм я бжыгъэм. Нэтыныр и кIэм щынэблагъэкIэ абы хэтахэм зы уэрэд цIэрыIуэ зэдагъэзащIэ. Проектым хэтахэм абы щыхьэт техъуэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ ират.

- Ди лъэпкъ хабзэ дахэхэм пыдощэ. Зэныбжьэгъухэр зыр адрейм доIэпыкъу, хьэщIапIэ макIуэ. ИужькIэ ахэр дэрыншэу зэкIэлъыкIуэ мэхъу. Аращ Iуэхур щыдублэм ди мурадари, - жиIащ режиссёрым. - Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 щрикъумрэ Хэкум и хъумакIуэхэм я илъэсымрэ теухуауэ къызэдгъэпэщ зэхыхьэхэм зауэ уэрэдхэр щагъэзащIэ, я адэхэмрэ я адэшхуэхэмрэ Хэкур зэрахъумам теухуа хъыбархэр унагъуэхэм ягу къыщагъэкIыж.

Фестивалыр щхьэпэщ лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкIуэ хабзэ дахэхэм, хьэлщэнхэм щIэблэр иригушхуэу къэгъэхъунымкIэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэр абыхэм щыгъэгъуэзэнымкIэ, нэхъыжьхэмрэ щIалэгъуалэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр хъумэнымкIэ. Адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ хьэщIэр зыпищI щыIэкъым. Арат псалъэжьым щIыжиIэр: «Адыгэм хьэщIэ и щIасэщ».

Мы Iуэхур куэдым ягу дыхьащ, цIыхушхуэ къыпэджэжащи, пащэ, ди щIыналъэм и къуажэ, къалэ псори къызэрызэщIрагъэубыдэным и ужь иту.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● УФСБ-м къет

Илъэситхукlэ ягъэтIысыфынущ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ илъэс 26-рэ зи ныбжь, Прохладнэ къалэм щыпсэум илэжь хабзэншагъэр. Абы социальнэ сетхэм язым щызэбгригъэхырт ныкъусаныгъэ къэзышэ компьютер программэхэр.

КъБР-м щыIэ УФСБ-м и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 273-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 5-м нэскIэ ягъэтIыс.

Пщlэ къэзылэжьа нэхъыжь

Зэманыр макIуэ, гъащIэр ипэкIэ мэкIуатэ. Дыгъуасэ хуэдэм зэдэджэгуу пщIантIэм дэта сабийхэр жьантIэм нэхъыжьу дотIысхьэри, езыхэм я пIэм къыкIэлъыкIуэ щIэблэр къоувэ.

АДЭ-АНЭР текIуэта нэужь, дунейм тет къыщIэкIынкъым зи ныкъуэр гуэхуа уи дунейм анэкъилъхум хуэдэу щIэгъэкъуэн хуэхъу. А гупсысэхэр я лъабжьэщ Шэджэм щыщ Хьэщхъуэжь Тимур и анэкъилъхухэм хузэхуахьэса хъуэхъум. Нобэ илъэс 76-рэ ирикъу нэхъыжьыфIыр гугъуехьакIуэу, къыIэрыхьэ лэжьыгъэм зрипщыту къызэрекIуэкIам и узыншагъэри къихъумауэ, иджы унагъуэ жьантIэр егъэбжьыфIэ. «ЦIыхум и ныбжьыр щыхэкIуатэкIэ, езым къилэжьыжа теплъэр къыIэрохьэж», - жиIауэ щытащ франджы тхакIуэ Камю Альбер. А псалъэхэр Хьэщхъуэжь Тимур (унагъуэр зэреджэр Хьэсэнбийщ) хэхауэ тражыIыкIам хуэдэщ, апхуэдизкIэ и теплъэмрэ и купщIэмрэ зэманым щытыкIэ хъуэпсэгъуэм иригъэзэгъащи. Спортым зэрыдихьэхым, зэрыцIыху IэпщIэлъапщIэм, сытым дежи ищIэнрэ илэжьынрэ зэригъуэтым и фIыгъэ къыщIэкIынщ ар.

Джылахъстэнейм, Тэрч районым хыхьэ Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей) къуажэм къыдэкIащ иджырей я лъапсэр Шэджэм щызыухуа Хьэщхъуэжьхэ.

«Ди анэкъилъхуфI, ди дэлъху дахэ! Укъыщалъхуа махуэмкIэ дынохъуэхъу! Уи унагъуэкIи уи щхьэкIи Алыхьым утхуигъэузыншэ, гуныкъуэгъуэншэ Тхьэм утхуищI. Уэ удиIэщи, гъащIэм и гукъеуэ къыджьэхэмыуэм хуэдэу допсэу, Алыхьым иджыри илъэс куэд дыдэкIэ уузыншэу укъытщхьэщигъэт. Сыт и лъэныкъуэкIи Алыхьым фIыгъуэр кIуапIэ къахуищI уи щхьэгъусэми, уи бынхэми, абыхэм я быныжхэми, фIыуэ плъагъухэми укъэзылъагъужхэми!» - къохъуэхъу Тимур и анэкъилъхухэр. Дэри абыхэм я псалъэхэр ядыдоIыгъ. КъикIуа гъащIэ гъуэгуанэм игу хуэзэгъарэ нэхъыщIэхэр къыдэплъейуэ, дяпэкIи псэукIэр езыгъэфIэкIуэнухэм ящыщ Тхьэм ищI!

● Футбол

Къахыхьахэм зэныкъуэкъуныгъэр къызэщlагъэплъэфынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2025 гъэм и гъэмахуэ чемпионатым щэбэт кIуам щIидзащ. Абы щыджэгуну командэ 14-м ящыщу 4-р щIэуэ къахыхьауэ аращ икIи зэхьэзэхуэр къызэщIагъэплъэфыну фэ ятетщ.

НЭГЪАБЭ елъытауэ мыгъэрей зэпеуэм хэмытыжхэу Терекскэм и «Урожайнэм», Старэ Шэрэдж и «Шэрэджым», Зеикъуэ и «Шагъдийм», я къуажэцIэр зезыхьэ «Лашынкъейм» я пIэкIэ къыхыхьа «Нартаным», Аргудан и «Бедик»-м, Шэджэм ЕтIуанэм и «Шэрджэсым», «Урыхум» зэхьэзэхуэр нэхъ хьэлэмэтыж зэращIынум шэч хэлъкъым. ПэщIэдзэ джэгугъуэм абыхэм ящыщ языныкъуэм лъэщу зыкъагъэлъэгъуащ. Къапщтэмэ, сыт и уасэ «Нартаным» бжыгъэшхуэкIэ зэрыхигъэщIар Псыгуэнсу къикIахэр?! Шэджэм ЕтIуанэм и «Шэрджэсыр» (Шэджэм къалэм и «Черкес»-м хэвмыгъэгъуащэ) нэгъабэрей зэпеуэм домбеякъ медалхэр къыщызыхьа Алътуд и «Искра»-м зэрытекIуар-щэ?! А псоми гугъэ дагъэщI бжьыхьэ кIасэ хъухукIэ зэныкъуэкъуныгъэ лъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым щекIуэкIыну.

Ди республикэм гъэмахуэми щIымахуэми иужьрей илъэсхэм топджэгумкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм тепщэныгъэр щызыIыгъ Псынэдахэ и «Родник»-м мы гъэми ар иутIыпщыну и мурадкъым. Абы и щыхьэтщ тхьэмахуэ блэкIам Бабугент щыIэу щIыпIэ «Логоваз»-м бжыгъэшхуэкIэ зэрефIэкIар. Псынэдахэдэсхэм я хьэрхуэрэгъу лъэщу къекIуэкI зэпыт «Тэрчыр» зэпеуэм къыщыхыхьэнур нэхъ иужьыIуэкIэщ, ауэ иджыпстуи пхужыIэнущ нэгъабэрей дыжьын медалхэр дыщэкIэ яхъуэжыну зэрыхущIэкъунур.

Зэхьэзэхуэр зэхаубла къудейщ икIи кърикIуэнум теухуауэ пыухыкIауэ иджыпсту зыри пхужыIэнукъым. Абы щыгъуэми нэрылъагъущ дэтхэнэ зы гупри текIуэныгъэм хуэпабгъэу сыт щыгъуи джэгупIэ губгъуэм къызэрихьэнур.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и пэщIэдзэ джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Черкес**» (Шэджэм) - **1:1**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **4:1**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Бедик**» (Аргудан) - **6:1**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **1:4**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) - **6:2**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - «**Искра**» (Алътуд) - 1:0.

«**Тэрч**» (Тэрч) - «**Урыху**» (Урыху) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: «Черкес» - «Урыху», «Акъбащ» - «Тэрч», «Искра» - «Ислъэмей», «Шагъдий» - «Шэрджэс», «Родник» - «Нартан», «Спартак-Д» - «Логоваз», «Псыгуэнсу» - «Малка», командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Малка»	1	1	0	0	6-1	3
2. «Ислъэмей»	1	1	0	0	6-2	3
3. «Нартан»	1	1	0	0	4-1	3
4. «Родник»	1	1	0	0	4-1	3
5. «Шэрджэс»	1	1	0	0	1-0	3
6. «Черкес»	1	0	1	0	1-1	1
7. «Спартак-Д»	1	0	1	0	1-1	1
8. «Тэрч»	0	0	0	0	0-0	0
9. «Урыху»	0	0	0	0	0-0	0
10. «Искра»	1	0	0	1	0-1	0
11. «Логоваз»	1	0	0	1	1-4	0
12. «Псыгуэнсу»	1	0	0	1	1-4	0
13. «Акъбащ»	1	0	0	1	2-6	0
14. «Бедик»	1	0	0	1	1-6	0



Къуршхэр усэ щIодэIу

Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, «Жан» литературэ клубым илъэс къэс иригъэкIуэкI «Чтения на Чегете» усыгъэ зэIущIэр зэхэтащ. 2017 гъэм къыщыщIэдзауэ зэхашэ пшыхьыр «Круговорот поэзии» Iуэху дахэм и зы Iыхьэщ, ар къызэзыгъэпэщари усакIуэ, тхакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэщ.

КIУЭ пэтми абы хэтхэм я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу, тхакIуэ-усакIуэхэр, журналистхэр, школакIуэхэмрэ студентхэмрэ, егъэджакIуэхэмрэ артистхэмрэ къыхохьэ. «Круговорот поэзии» Iуэхум зыщIегъакъуэ «Ростелеком» IуэхущIапIэм. ЕгъэкIуэкIыгъуэ къэс ар даIыгъ «Чегет» кIапсэ гъуэгум, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэм.

Чегет и щыгум усэ зэмылIэужьыгъуэхэр щагъэIуащ режиссёр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Гумэ Маринэ, журналист, радиом и лэжьакIуэ Жыгуэ Иннэ, «КъБР-Медиа» IуэхущIапIэм и радиовещанэм урыс нэтынхэмкIэ и редактор нэхъыщхьэ Беслъэней Еленэ, «Солнышко» журналым и редактор нэхъыщхьэ Жэрыщты Залинэ, а редакцэм и редактор, усакIуэ Мазуренкэ Маринэ, «Горянка» газетым и журналист Къудей Анжелэ, тележурналисткэхэу Джэду Сэкинат, Щоджэн (Мокъуэ) Лаурэ, Мэржэхъу Дианэ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм Аллергологиемрэ иммунологиемкIэ и центрым и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI Елоевэ Еленэ, зэдзэкIакIуэ Сихъу Светланэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

«Ай» шхапIэр, дапщэщи хуэдэу, гуапэу къаIущIащ Налшык икIа хьэщIэхэм. Абдеж усэ къыщеджащ гупыж зыщI псори. ГъэщIэгъуэн икIи щIэщыгъуэ ящыхъуащ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым цIыхубэ макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ и къудамэм и еплIанэ курсым щеджэ Iэпщэ Анзор и зэфIэкIыр. Абы адыгэбзэкIэ усэ етх, дахащэу пшынэ йоуэ.

Мы усэ пшыхьым теухуа тхыгъэхэм еджэ дэтхэнэри щыгъуазэщ Москва щыщ, къуршым лъэрыжэкIэ къыщызыжыхь Тютенков Виктор ахэр, зэрыжаIэу, илъэс къэс зэрыхуэзэм. Мы гъэми а хабзэ дахэр зэщIахъуащ. Виктор 1978 гъэ лъандэрэ къокIуэ Iуащхьэмахуэ икIи усэ къеджэныр зыхилъхьэ щыIэкъым.

КъыкIэлъыкIуэ къэувыIэпIэт ЩIалэгъуалэм я унэу Тырныауз къалэм иджыблагъэ къыщызэIуахар. Зи Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI цIыхухэм - Гундэлэн дэт школ №4-м и егъэджакIуэ Кочкаровэ Хьэлимэт, Iуащхьэмахуэ къуажэм щыIэ курыт еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Байдаевэ Ритэ, Тырныауз школ №5-м и унафэщIым гъэсэныгъэмкIэ и чэнджэщэгъу Асадулаевэ Элинэ - къызэрагъэпэща пшыхьыр дахэт икIи гукъинэжт. Ар езыгъэкIуэкIа, Отаров Керим и цIэр зезыхьэ лицейм и театр студием и унафэщI, музыкэмкIэ и егъэджакIуэ Байсултановэ Инарэ ипэ дыдэм къыщыщIэдзауэ хэтщ «Чтения на Чегете» Iуэхум, балъкъэрыбзэкIэ усэ къыщоджэ. Апхуэдэуи зэIущIэм зыкъригъэхьэлIат усакIуэ, Тырныауз дэт лицей №1-м и егъэджакIуэ Ахматовэ Любовь.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 мы гъэм зэрырикъум папщIэ, «Чтения на Чегете» зэIущIэр траухуащ сэлэтхэм я хахуагъэм, цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ зэрахьа лIыгъэм, зауэм и бынхэм, хэку лъагъуныгъэм тетхыхьа, зауэм хэта усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я гуащIэм. Iуащхьэмахуэ къуажэм, Гундэлэн и курыт еджапIэ №4-м, Тырныауз къалэм и гимназие №5-мрэ лицей №1-мрэ я еджакIуэхэр Окуджавэ Б., Дементьев А., Кулешов А., Светлов М., Васильев С., Друнин Ю, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэм къеджащ. ТхакIуэ-фронтовикхэм теухуауэ къэпсэлъащ «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Щэрдан Лилианэ. Къаныкъуэ Заринэ, Ахматовэ Любовь, Iэпщэ Анзор сымэ я анэдэлъхубзэмкIэ усэ къеджащ. Пшынауэ Iэзэ, нэмыцэ концлагерым илIыхьа Къэжэр Индрис и къафэ цIэрыIуэм къызэхуэсахэм яхуеуащ Анзор.

АдыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ усэхэр щыIуа мыпхуэдэ зэIущIэ гуапэхэр егъэкIуэкIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр жаIащ абы и къызэгъэпэщакIуэхэм. Ар щхьэпэщ псалъэм, анэдэлъхубзэм я мыхьэнэр къытщIэхъуэ щIэблэм къагурыIуэнымкIэ, нэгъуэщIыбзэхэмрэ щэнхабзэмрэ пщIэ хуащIу къэтэджынымкIэ, ахэр дыхуэсакъыу тхъумэнымкIэ.

IуэхущIапIэ зыбжанэм «ВКонтакте»-м щаIэ Интернет напэкIуэцIхэм эфир занщIэу къыщатащ зэхыхьэр.

ИСТЭПАН Залинэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **ЩхьэщэмыщI Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.442
Заказыр №759
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ**, **Щомахуэ Марианнэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.